Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№29 (23.843) ● 2019 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и унафэщI Миллер Алексейрэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ Москва щызэхуэзэ

Иджыблагъэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ Москва щызэхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и унафэщI Миллер Алексейрэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ лъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэм зегъэубгъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, къзбгъэлъагъуэмэ, газыр транспорт гъэсныныхъэу къызэрагъэсэбэпыр ирагъэфIэкIуэным. Псалъэмакъым къыхэщащ «Газпром» зэгухьэныгъэр езым и газ игъэхъуапIэу республикэм щыIэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным зэрелэжьыр.

Мы зэманым автомобилхэм газ щрагъахъуэ станцхэр Прохладнэ, Налшык къалэхэм щыIэщ. «Газпром» зэгухьэныгъэм апхуэдэ станц Бахъсэн къалэм щещI, апхуэдэу Шэджэм районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм деж щагъэувыну станцыщIэм и проектыр егъэхьэзыр.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, «Газпром» зэгухьэныгъэм ди республикэр газкIэ тэмэму икIи зэблэу къыхэмыкIыу къызэрегъэпэщ. Ауэ къагъэсэбэпа газым и уасэмкIэ щыхуэр гъахэпэм и 1-м ирихьэлIэу сом меларди 6-м щIигъащ. Миллер Алексей КIуэкIуэ Казбек гу лъригъэтащ апхуэдэ щытыкIэм къикIынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр лэжьапхъэу къыхэзрилытэр.

«Газпром» зэгухьэныгъэмрэ КъБэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ мы зэманым ягъэзащIэ бжьамийкIэ къашэ газыр транспортым папщIэ гъэсныпхъэу къызэрагъэсэбэпым зегъэубгъуным теухуауэ зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр.

Ди республикэр иджыпсту газкIэ къызэрызэгъэпэщащ процент 96,6-м нэсащ.

Адыгэ Макъ

Номер №118 ЗЭХЭТ

Черкес хэку

● Тхьэмадэм и псалъэ

Псоми ди зэхуэдэ къалэн

Адыгэу дунейм тетым нобэ, гъатхэпэм и 14-м, зэдыдогъэлъапIэ Адыгэ тхыбзэм и махуэр. Дэтхэнэ лъэпкъми хуэдэу, ди дежкIэ ди анэбзэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы дрипсалъэ къудейкъым, атIэ ар ди лъэпкъ щIэныгъэщ, лъэпкъ гъэсэныгъэщ, лъэпкъ щэнхабзэщ. Тхыбзэ зэпэщ уиIэнри хъугъуэфIыгъуэ инщ лъэпкъым и дежкIэ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, алъапIэныгъэмкIэ зыхуэупсахэм дащыщщ адыгэхэр. Бзэм, тхыбзэм я мыхьэнэр къильытэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2003 гъэм игъэувауэ щытащ нобэрей махуэшхуэр гъэлъапIэныр. Абы лъандэрэ ар адыгэ псоми зэдыдоIэт.

ДЭТХЭНЭ бзэми, псом хуэмыдэу лъэпкъ цIыкIуэхэм я анэдэлъхубзэхэм, къапэплъэр псом япэу зэлъытар къэралым абы хуиущ пщIэмрэ ирит увыпIэмрэщ. Абы къыхэкIыу дэтхэнэ лъэпкъри хущIэкъуэ хуейщ и анэбзэр, тхыбзэр зэрихьэмэным. Адыгэ псоми ди зэхуэдэ къалэнщ ди бзэм зедгъэужьныр, абы и дахагъым, къабзагъым хэдмыгъэщIу, зэфIэкIыу бгъэдэлъым хэдгъэхьэныр. УнафэщIхэми, адэ-анэхэми, егъэджакIуэхэми, бзэм елэжь щIэныгъэлIэхэми, тхакIуэхэми, усакIуэхэми, газетым, радиом, телевиденэм я лэжьакIуэхэми - адыгэ лъэпкъым щыщу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми ди фарзщ, дунейм дыкъыхъезыхьар зэрытфIэлъапIэм хуэдэу, нэр напIэм зэрихьумэм хуэдэу ди бзэм гу зэпхъарэ псэ къабзэу дыхуущытыну. Бзэр димыIэжмэ, дэри лъэпкъ щхьэхуэу дыщыIэжьныкъым.

КъызэрыслъытэмкIэ, зы тхыбзэм тет анэдэлъхубзэ адыгэхэм диIатэмэ, бзэр хъумэным епха ди Iуэхур кудкIэ нэхъ тынш хъунут. Мыр къызэдгъэпэщыфамэ, дунейм адыгэу тетыр зэщхьу тхэнут, абы гугъу иригъэхьынутэкъым дэнэ щыпсэу ди къуэшри, нэхъыфIу зэрыщIэнут Интернетыр ешащIауэ къэзыгъэсэбэп адыгэ щIалэгъуэлэр. А Iуэхугъуэм ди лъэпкъыр нэхъри зыпищIэжынут, зэрипхыжынут, зэгуригъэIуэнут, къару нэхъыби къытхилъхьэнут. Гугъущ мы Iуэхур, ауэ ткIийуэ иужь уихьэмэ, пхузэфIэмыкIын хэлъхьэм.

Адыгэбзэм зиужьыным, зиуэзащIыным и Iуэхум сыт щыгъуи егъэпIейтей. лъэпкъым и цIыху пэрытхэр. Ди бзэм лей къытехьэуи ддэнукъым. А Iуэхум хуэзунэтIауэ нэгъабэ кърахьэжьауэ щыта хабзэхэм епха ди гупсысэхэр иту дэфтэр щхьэхуэ яхуедгъэхьащ ди къэралым и унафэщIхэм. Ди Конституцэм и хабзэхэращ тхыгъэ тетыр зыпIэ щытщIари, абы дытету ди щIэблэр едгъаджэмэ, ди Iуэхур кIуэтэнущ. Бзэм епха политикэр къэралым тэмэму щемыкIуэкIмэ, лъэпкъ куэд зэрыс ди хэкум къиухъуэнкIэ хъунущ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ я анэдэлъхубзэмрэ зэхуэмыдэ щIэблэ, зыщыщри, зи блэкIари, зи хабзэри зымыщIэжхэр. Лъэпкъ фIыгъуэхэм пэжыжьхэр къэралым и цIыху нэсу къыпхуэлъытэнукъым. Пэжыр жыпIэнумэ, зи анэдэлъхубзэр фIыуэ зыщIэ сабийм нэхъ тыншу къещтэ икIи зрегъащIэ нэгъуэщI лъэпкъэм я бзэхэри. Къапщтэмэ, анэбзэм хуэмышэрыуэр урысыбзэми хуэлърымыхьщ. ЩIэныгъэ лъабжьэ зиIэр пэжыращи, анэдэлъхубзэращ цIыхум бгъэдэлъыфыну хьэл-щэн нэхъыфIхэм, зэфIэкIхэм я къиГъэхъуапIэ хъур. «Анэдэлъхубзэм куэдым ухуреГьаджэ, бгъэщIагъуэу тынщу, зи тIасхъэр къыпхуэмыщIэ гъэпсыкIэ хьэлэмэтым тету», - итхыгъащ Ушинский Константин.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ЮНЕСКО-м 2010 гъэм къыдигъэкIа «КIуэдыжьнкIэ шынагъуэ зыщхьэщыт бзэхэм я атлас» тхылъым ихуащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр, адыгабзэри яхэту. Ар гупсысэ куухэм ухэзыдзэ Iуэхугъуэщи, лъэпкъым щыщ дэтхэнэми щыгъупщэ хъунукъым. Бзэр, псом япэрауэ, щыхъумэн хуейщ адыгэ унагъуэм. АбыкIэ нэхъыжьхэм ди пщэ къалэнышхуэ къыдохуэ. Дэращ къуаншэр, къытщIэхъуэ сабийхэм адыгабзэ яIурымыльмэ. Ар хьэкъщи, тщыгъупщэ хъунукъым.

Нобэрей махуэшхуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу си лъэпкъэгъу псоми. ФIыщIэ яхузощI адыгабзэр хъумэным зи къару, зэфIэкI, щIэныгъэ езыхьэлIэ дэтхэнэми. УсакIуэм зэрыжиIащи, «ди гум и хущхъуэр, псэм и Iэфпщэу анэдэлъхубзэр, анэм и жьабзэр здэщымыIэм дыщремыIэ».

Лъэпкъ уэзыншэ Тхьэм дищI.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

● Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

Налкъут зэщIэлыдэ

Адыгэхэм дбгъэдэлъ зыужьныныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. Аращ ар къэхъугъэ псоми я къежьапIэу къыщIалъытэр. Дэтхэнэ лъэпкъми еэым и тхыбзэ иIэжныр, абыкIэ псэуныр, Iуэху ириззрихьэу дунейм тетыныр, шэч хэмылъу, фIыгъуэшхуэщ.

ЦIыхур къызэригъэщIрэ жьэрыIуатэбзэ щыIэми, абы Iурылъ и анэдэлъхубзэр тхыгъэкIэ къигъэлъэгъуэн щыщIидзэ лъэхъэнэхэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я деж щызэтехуэркъым. Апхуэдэ Iэмал адыгэхэм диIэ зэрыхъурэ илъэси 160-м щIигъуащ. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1853 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14-м дунейм къытехьауэ щытащ лъэпкъ щIэныгъэлI Бырсей Умар и къалэмыпэм къыпыкIа, адыгабзэкIэ тха япэ тхылъыр - «Адыгабзэ псалъалъэр». Абы лъандэрэ адыгэ лъэпкъым тхыбзэ диIэ хъуауэ къалъытэ щIэныгъэлIэм.

Адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, адыгэ тхыбзэм къикIуа гъэзугъаназ кIыхькъым, арщхьэкIэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым абы и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и Iэфlагъыр. Бзэр лъэпкъым и фIыгъуэу зэрыщытыр псэкIэ зыхащIэу, адыгабзэм зиужьыным, зиузэщIыным и Iуэхум сыт щыгъуи егъэпIейтей лъэпкъым и цIыху пэрытхэр. Пасэ зэманым абы елэжьащ лъэпкъ уэзщIакIэ куэд. Абыхэм я Iэужь Iумахуэм къикIуа тхылъщ, лъэпкъым бзэ иIэу къалъытэным лъабжьэ хуэхъуар. Апхуэдэуи, «Адыгабзэ псалъалъэ» тхылъымкIэ ялъэу хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуа хъуащ адыгабзэр зэрызэхэт апхуэдиз макъ зэщIэжьыуэр.

ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм ди адыгэ тхыбзэм зэхъуэкIыныгъэ куэд игъэтащ. Жэпуэгъуэ революцэшхуэм и ужькIэ бзэм и макъхэр къагъэлъагъуэу хуежьащ урыс хьэрфхэмкIэ, къыкIэлъыкIуэу латин графикэм тетащ. 1936 гъэм адыгабзэр урыс хьэрфыльэм и дамыгъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн щIадзэжаэу щытащ, ноби абы тетщ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

● Щхьэхъэ

Жыджэрагъ зыхэлъ щIалэгъуалэ

Ди республикэм, дэнэкIи хуэдэу, хуабжьу зыщиужьащ волонтёр зэщIэхьееныгъэм. Жыджэрагъ зыхэлъ щIалэгъуалэр хэтщ жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ дэтхэнэ Iуэхуми.

ЗЭЩIЭХЪЕЕНЫГЪЭМ и лэжьакIэр егъэфIакIуэным, щIалэгъуалэр я Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ здэгъуэщIным хуэгъэпса Iуэхугъуэфl дыгъуасэ щекIуэкIащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэжьмкIэ и министерствэм.

Волонтёрхэм я республикэпсо съездым къекIуэлIащ щIыналъэм щылажьэ апхуэдэ зэгухьэныгъэ псоми я лIыкIуэхэр. Ди республикэм и волонтёр зэщIэхьееныгъэм мы зэманым къызэщIеубыдэ цIыху мин 18-м щIигъу. Абыхэм я нэхъыбапIэр курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм я еджакIуэщ, ди щIыналъэм щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентщ. Апхуэдэ щIыпIэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр зыхэта съездым щытепсэлъыхьащ зэщIэхьеенымкIэм зэфIегъэкI, жыджэру зьэхэт Iуэхугъуэхэм. Республикэпсо утыкум щагъэлъэгъуащ я волонтёр лэжьыгъэр адэкIэ ефIакIуа зэрыхъуным хуэгъэпса мастер-классхэр, методикэ семинар зэмылIужьыгъуэхэри къыщызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу наIуэ къащIащ волонтёр проектыщIэ зыбжанэ. Ахэр хуажьу яфIэхьэлэмэтащ съездым кърихьэлIахэм.

А Iуэхугъуэхэм къакIэлъыкIуащ гуп щхьэхуэхэм щекIуэкIа лэжьыгъэхэр. Ахэр зэщхьэщыхат «Волонтёры-медики», «Социальное волонтёрство», «Экологическое волонтёрство», «Волонтёры Победы» унэтIыныгъэхэу, нэгъуэщIхэри. Абыхэм щIалэгъуалэр щызэдэгугъэшащ волонтёрыным епха Iуэхуэхэр зэрызэфIах мардзхэм. Щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну къалъытатхэри къыхэгъэбелджылыкIащ.

Зэхуэсым и кIэухыу фIыщIэ тхылъэхэр хуагъэфэщащ щIыпIэ волонтёр зэгухьэныгъэ нэхъыфIхэм я пашэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

«Къуажэ дохутыр» программэм хиубыдэу 2019 гъэм лэжьакIуэ ягъэкIуэнущ IэщIагъэлI 90-м щIигъу

2019 гъэм «Къуажэ дохутыр» программэр гъэзэщIэным хиубыдэу IэщIагъэлI 91-рэ къуажэхэм ягъэкIуэнущ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, мы программэм республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, КъБР-м щыпсэуэхэм я процент 40-м нэблагъэ къуажэхэм дэсщ.

«КЪУАЖЭ дохутыр» программэм ипкъ иткIэ нобэр къызэдэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм щылэжьэну щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлI 225-рэ ягъэкIуащ. Абыхэм ящыщу иджыпсту дохутыр 16-р Дзэлыкъуэ районым, 13-р Прохладнэ районым, Бахъсэн, Лэскэн, Шэрэдж районхэм дэтхэнэми I щолажьэ. Къуажэхэм щылэжьэну кIуа IэщIагъэлIхэм ящыщу нэхъыбэр терапевтщ, сабий дохутырщ, стоматологщ, неврологщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущхьапсэ.

«Гъуэгухэм зэрыщызекIуэм кIэлъыплъ инспектор ныбжьыщIэ» сабий пресс-центр

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ Налшык дэт унэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ «Гъуэгухэм зэрыщызекIуэм кIэлъыплъ инспектор ныбжьыщIэ» сабий пресс-центр.

АБы инспектор ныбжьыщIэхэм журналистикэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ зыщащIынущ икIи гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным пыщIа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм тетхьэныгъэ загъэсэнущ. Мы центрым пэщIэдзэ классхэм щIэсхэм я деж щеГъажьауэ щIалэгъуалэри къекIуэлIэнущ.

Журналист ныбжьыщIэхэм репортажкэр, статьякэр ятхынущ, блын газетхэр къыдагъэкIынущ, икIи абыхэм япкъ иткIэ езыхэм я ныбжьэгъу адрей сабийхэр гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныжьмкIэ хабзэхэм щыгъуазэ ящыныщ.

Мы проектыр къыхалъхьащ «Сабигъуэм и гъуэгу дахэ» урысейпсо газетымрэ Урысейм и МВД-м и Къэрал автомобиль инспекцэмрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущхьапсэ.

● Уэрэдыр - фи лъэIукIэ

Си бзэ - си псэ, си дуней

Псалъэхэр Джэдгъэф Борис, макъамэр Молэ Владимир яйц.

Iуащхьэмахуэу уэгу пкIэлъейм
Хасэшхуэр щызэхуос.
ЖаIэр нобэ Къэбэрдейм
Къайсэри щызэхох:

Ежьу:

Си бзэ - си псэ, си дуней,
Анэбзэу си уэрэд,
Лъагъуныгъэу сигу мыжейм,
Сигу мыжейм укъолъэт
Адыгэу тетым щIы хъурейм,
Ей, маржэ, жыфIэрей:
Си бзэ - си псэ, си дуней,
Си бзэ - си дуней.

Япхъуатэ си бзэр къуалэбзум,
Пшынэбзэу, зэIэпах.
Мэзкуу щIодэIур си макъ зум,
Аммани щызэхах.

Ежьу

Йоубзэ си бзэр мы дунейм.
Ар пшэплъу кърекIут
Си Iуащхьэмахуэу уэгу пкIэлъейр
Тырку лъахэми лъоIэс.

Ежьу

● Щэ

Бгъэхэ1у лъэпкъ дамыгъэхэр

Адыгэ лъэпкъымрэ мусулъмэн динымрэ ехьэлIа тхыльэ, дамыгъэ куэд дунейм къытригъэхьащ Тхьэкъуахъуэ Iэуес. Иджыблагъэ аргуэру Iуэху щхьэпэ абы илэжьащ: къыдигъэкIащ «Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ» адыгабзэрэ урысыбзэкIэ зытетха бгъэхэIу дамыгъэхэр. Абыхэм я куэдагъыр 300 хъууэ аращ икIи мыгувэу зэпэубыда зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

ЦIыхухэм ди лъэпкъ махуэшхуэхэр ягу илъын папщIэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес куэд зэфIегъэкI. Къапщтэмэ, нэхъапэIуэкIэ абы къыдигъэкIащ «Мэлыжьыхьым и 25-р Адыгэ ныпым и махуэщ», «Накъыгъэм и 21-р Адыгэхэм я щыгъуэ махуэщ», «ФокIадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэщ», «ФокIадэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэщ», адыгэ ныпыр зытет бгъэхэIу дамыгъэхэр икIи нэхъ хэлъщIыу ищIын папщIэ буклет щхьэхуэм бгъэхуэхьэсыжащ. Къищынэмыщ1Iауэ, зи гугъу тщIа махуэшхуэхэр, лъэпкъ бэракъыр къытещу, «Си бзэ - си псэ, си адыгэбзэ» тетхауэ иригъэщIа шар зэмыфэгъуэхэр сабийми балигъыми яфIощIэщыгъуэу зэIэпах.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 14, *махуэку*

♦Псыежэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Пи бжыгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Адыгэбзэм и махуэщ
♦Эстонием щагъэлъапIэ я анэдэлъхубзэм и махуэр
♦1730 гъэм Санкт-Петербург къалэм и гербыр къащтащ.
♦1853 гъэм адыгэбзэкIэ къыдэкIащ Берсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».
♦1990 гъэм Горбачев Михаил СССР-м и япэ Президенту хахащ.
♦1995 гъэм Налшык экономико-правовой лицей къыщызэIуахащ.
♦2004 гъэм Урысей Федерацэм президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ. ЕтIуанэ пIалъэми а къулыкъум тетыну дзыхь хъуащIри, Путин Владимир къэралым и УнафэщIу хахыжащ.
♦Нэмыцэ физик щэджащэ, Нобель саугъэтыр 1921 гъэм зыхуагъэфэща **Эйнштейн Альберт** къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу.
♦Абхъаз тхакIуэ, Куржымрэ Абхъазымрэ гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Гулиа Георгий** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, литературовед, критик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэ, КъШР-м и Iэтащхьэ **Темерзов Рашид** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5 жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 15, *мэрем*

♦Щэхуакlуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Беларусь Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ. Ар 1994 гъэм Белоруссием и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ.
♦1939 гъэм нацист Германием Чехословакиер иубыдащ.
♦1946 гъэм СССР-м ХЫХЬ республикэхэм я ЦIыхубз комиссархэм я советхэр Министрэхэм я Совет жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦1990 гъэм Горбачёв Михаил СССР-м и Президент къулыкъум пэрыуащ.
♦Адыгэхэм я цIыхубз лIыхъжь **Къылыш Сультан-Джэрий** къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокъу.
♦Адыгей драматург, актрисэ, критик **Натхъуэ Долэтхъан** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
♦Физик цIэрыIуэ, академик, Нобель и саугъэтым и лауреат, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата, «Хэкум и пащхьэ щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Алфёров Жорес** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Иорданием и профсоюз лэжьакIуэу щыта, Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ къулыкъум пэрыта, Хъэшимит къэралыгъуэм и сенатору лэжьа **Къардэн Самир** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъжь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Распутин Валентин** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бзэр зэзым нэхърэ нэхъ дыджщ, фом нэхърэ нэхъ Iэфlщ, джатэм нэхърэ нэхъ жанщ.

Адыгэбзэм дихьэххэр.

Налкъут зэщІэлыдэ

(КІэуэхыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Лъэпкъым и блэкІари и нобэри къэзыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэзыхъумэу щыІэр тхыбзэрщи, абы сыт щыгъуи гулытэ хуэщІыпхъэщ. Лъэпкъыбзэу щыІэхэм я нэхъыжьхэм хабжэми, ди адыгэбзэм и Іуэхуми узыгъэпІейтей куэд хэтщ. Абы и щыхьэтщ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) бзэхэм елэжь и къудамэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр. Абыхэм къаГэлъагъуэ адыгэбзэр зыхэлужь, ефлакІуэ бзэхэм зэращымыщІыр. Уеблэмэ, ар зыхэт абхъаз-адыгэ бзэ гулъым зыхьхэхэм ящыщ гуэрхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я Тхьилъ ПІыыжьым иратхащ.

БЗЭМ хуэфэщэн пщІэрэ гулъытэрэ иІэн папщІэ, адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - илъэс 16 и пэкІэ, 2003 гъэм, абы теухуа унафэ щхьэхуэ къищтащ икІи абы лъандэрэ илъэс къэс ГъатхэпэМ и 14-м Адыгэ тхыбзэм и махуэр яГэлъапІэ. Ди анэдэлъхубзэр бэкъэІэну щІэблэхэм яхуэхъумэныкІэ ари зы хэкІыпІэщ, зы Іэмалщ.

Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэным жыджэру хуэлажьэхэм ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэри. «Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм къыхилъхьауэ щыта а лъэпкъ Іуэхур ди щІыналъэм зэрыщекІуэкІэр мы гъэм илъэс 20 иригъэкІуэ. Зэпеуэ щхьэпэр егъэкІуэкІыныр газетым къыдаІыгъуэ щытащ КъБР-м ЦІыхухэр егъаджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщІ къэралыгъуэ Іуэхущ Іапли эхэм, жылагъуэ зэгухьанныгъэхэм. Абы и къэлэнхэм хохьэ лъэпкъыбзэхэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфІэкІуэным, апхуэдизуи а Іуэхухэм хуэлажьэ егъаджакІуэ нэхъыфІхэр наІуэ къэщІауэ Іэпэжэныр, еджакІуэ зэчиифІхэр гъэбелджылауэ гъэгушхуэныр. Мы зэманым зиузэщІащ, дэнэкІи зыщыубГуащ а зэпеуэм. Нэхъапэм зэхьэзэхуэм и утыку кІихьэу щытар адыгэбзэр езыгъаджэрауэ щытамэ, илъэс зыбжанэ ІьандэрэІ абы кІохьэхэ урысыбзэр, балъкъэрыбзэр езыгъаджэзэри. Ар щокІуэкІ адыгэхэр щыпсэу нэгъуэщІ щыналъэхэми. Апхуэдизу зэпеуэр ипэжыпІэкІэ хуащІ щІыналъэ куэд къыззыщІэзыубыдэ фестиваль ин.

Дэтхэнэ цІыхури и анэбзэмкІэ тхэфу, къеджэфу щытыным къыдэкІуэу, Іэмал имыІэу я бзэмкІэ гупсысэу, сыт хуэдэ Іуэхури зэрихьэфу щытын хуейщ. Лъэпкъым хуэгъэпса апхуэдэ хъуэпсапІэр дэтхэнэ адыгэми дигу илъыпхъэщ, бзэр тІэщІэкІмэ, лъэпкъкІуэдыр къытхуэкІуэнкІэ зэрыхъунур тщІэжу. Адыгэ усакІуэ пажэжэ ящыщ Мыкъуэжь Анатолэ а Іуэхум теухуауэ хуэкІуэ дыдэу жиІа псалъэхэм я мыхьэнэри ди гупсысэхэм хэлъын хуейщ къызыхэкІа лъэпкъыр, къэзылъхуа анэр фІыуэ зыльлагъу дэтхэнэми: *«Си бзэм сэрэ дыхэтІолъхуэнькъуэу Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ. Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу, Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар».*

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъаджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

* * *

Бзэр тІэщІэкІмэ,
дылъэкъкъым.
Акъыл ин хуэумей,
КъыбгурыІуэу а тІэкІур
Утетыну дунейм.
Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди лъыр, ди псэр хэпщащ.

Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди биям къагъэщІащ.
Бзэр тІэщІэкІмэ, досыкІыр,
ТІэщІэкІами дрикъунт.
КІуа лІэщІыгъуэм лъыкІпсыкІым
Хипщэжар сыт хъужын?
Бзэр тІэщІэкІмэ, докІуэдыр.
Лъы зыщІэтыр фысакъ.
Псы зыщІэтыр текІуэту,
ВгъэІу бзэ хуабэм и макъ.

БАЛЪКЪЭР Фоусэт

* * *

Адыгэ жьэгум и дэп мыужьыхыу
УкъогъуэгурыкІуэ адыгэбзэр.
Уэ анэ гуапэм и макъ мыухыу
Дэ гъащІэу диІэм утхуоубзэрабзэ.
Ди сабий цІыкІухэм
урадыхьэшх макъщ уэ,
ЗэгуэкІуагъэитІым урауэрэд дахэщ.
Уэ ди Хэку лъапІэм урИІэщ нэщэнэу.
Хамэм уэращ псом япэу и нэм фІэнэр.
Уэ мо къурш псынэм укъыдоІущащэ,
Мо жэнэт бзухэм уадоубзэрабзэр.
КъыщоІу я щыгухэм а уи макъ дахащэр
Ди бгыжьхэм,
Губгъуэм,

Ди гуэл щхъуантІэ къабзэм.
Іущыгъэу лъэпкъым иІэм урижьлэщ.
Гъэуганэ тетхэм гъуэмылэу уздащэ.
АдыгэлI Іущхэм лъапІэуэ уаІыгъщ уэ,
Бийм я нэхъ бзаджэр уи бзэмкІэ
догъащтэ.
Ди лъэкІыныгъэм имыІэ гъунапкъэ -
Адыгэ усэр бзууэ уафэм итщ.
УзиІщ сэри уэ си ныбжьэгъу лъапІэу, -
Пхуэдэу схуэпэжи дунейм зы темыт.
Упсэу уэ куэдрэ!
Уэрщ лъэпкъым и лъабжьэр!
Упсэу уэ куэдрэ!
Уэ дыбдэпсэунщ!
УдигуфІэгъуэщ,
Уэ удиІэщ набдзэу.
Упсэу!
Упсэумэ, ди лъэпкъыр псэунщ!

ЩОДЖЭН Аслъэнджэрий

* * *

Ди Іуащхьэмахуэ
Уафэм ныщІоуэ,
Бахъсэн уэрыжьыр
КъуакІэм щызоуэ,
Мы ди хэкужьыр
Дуней тельыджэщ,
Ди адыгэбзэр
Абы и гъуджэщ.
Зи бзэр зыфІэдахэр
Ар лъэпкъ узыншэщ,
Зи бзэм хуэлажьэр
Ар лъэпкъ уахътыншэщ,
Адыгэ лъэпкъыр
Дызэкъуэтынщ,
Ди бзэм и щІыхьыр
Лъагэу тІэтынщ.
Ди адыгэбзэр
Мывэ джей быдэщ,
Илъэс мин куэдхэр
Абы и тхыдэщ,
Псыкъелъэм хуэдэу
Ар къарууфІэщ,
Ди лъэпкъ гъэфІэну,
ДызэрыгуфІэщ.
Зи бзэр зымыдэу
Зы лъэпкъ щымыІэ,
Зи хэку епщІыжу
Зы лъэпкъ щымыІэ,
Зи бзэр зыхъуэмэр
Мис ар лъэпкъ къабзэщ,
Бзэм пщІэ хуэщІынкІ
Лъэпкъхэм я хабзэщ.
Мы дунеишхуэм
Лъэпкъ куэд щызокІуэ,
Зи бзэм хуэсакъхэр
Зэманым токІуэ,
ГъащІэ хуэпсэгъуэр
ЩІылъэм щахуэ.
Апхуэдэ щапхъэм
Дэ дегъэгушхуэ.
Ди адыгэбзэм
Лъэпкъыр зэпещІэ,
БлэкІа зэманхэр
Дэ къыдегъащІэ,
Ди нартыжь лъэпкъым
Уэрэд хуеусыр,
Ди лъэпкъ хъыбархэр
Дэни нехьэсыр.
Зи бзэр зыфІэдахэр
Ар лъэпкъ узыншэщ,
Зи бзэм хуэлажьэр
Ар лъэпкъ уахътыншэщ.
Адыгэ лъэпкъыр
Дызэкъуэтынщ,
Ди бзэм и щІыхьыр
Лъагэу тІэтынщ.

2004 гъэ

● Іуэху еплъыкІэ

Тхыбзэмрэ псалъэмрэ

«Бзэншэ лъэпкъыр псэншэщ». - жиІащ пасэрей адыгэм. Бзэр щІыхупкъми хуэдэщи, жьы хъуа псалъэхэр - зыхеГэхэури, гъащІэм къыздишэ псалъэщІэхэр къызыхигъэхьэурэ зеужь, зехъумэж. Дунейм бзэ тет хъункъым езыр зыхуирикъужьпэу, нэгъуэщІыбзэм щыщ псалъэ хуэмыныкъуэхэу. АтІэ, унагъуэм зыхуэныкъуэ зыгуэр зримыгъуэтылІэжмэ, гъунэгъум деж жэуэ къызэрыщилъэІухуэм, хьэхуу къызэрыщищтэм хуэдэу, бзэхэми езым ямыІэ псалъэ е термин гуэр хуэныкъуэ щыхъум деж, ар нэгъуэщІыбзэм, псом хуэмыдэу, гъунэгъубзэхэм ящыщу къащтэ. ИтІанэ а къащта псалъэм, терминым и пІэкІэ езым я псалъэ уней къаГэхэуфу щытмэ, хьэхуу къащта хамэбзэ псалъэр хуэм-хуэмурэ бзэм хозыжри, абы и пІэкІэ езым къигъуэта, къигъэхъуа псалъэщІэ унейр хоувэж.

Хьуажь Фахъри

ПЭЖЩ, а хамэбзэм щыщу къащта псалъэм зыхьхьа бзэм и фащэ щитІагъэрэ езы бзэм щыщыпэ щыхъужи щыІэщ. Псалъэм папщІэ, учрысбзэм апхуэдэ псалъэ куэд хэтщ, нэгъуэщІыбзэм щыщ зыгуэрхахари умыщІэжу бзэм щыщыпэ хуэдэу хэувауэ, хэпщІауэ. Ари хъарзынэщ, ауэ нэхъыфІыр, бзэм езым и псалъэ къигъэхъужьыфынырщ. Пэжщ, дуней псом щызекІуэ псалъэхэр, *радио, телефон* хуэдэхэр, щІэпхъуэжьи щымыІэуи жыпІэ хьунущ. ИтІани, хуээфІэкІыу щытмэ, дэтхэнэ зы Іэмэпсымэм, псалъэм, терминым и пІэкІэ бзэм езым и псалъэ уней къигъэхъуным хуэдэ щыІэкъым.

ПсалъэщІэ къэгъуэтынкъэгъэхъунымкІэ адыгэбзэм нэхъ лъэщ къэгъуэтыгъуейщ. Ялэрауэ, езыр макъ куэд зыхэт бзэжьу зэрыщытым къыхэкІкІэ псалъэщІэ къыригъэхъуькІыну Іэмал куэд иІэщ. Адыгей тхыбзэмкІэ *тхэн-тхын* хъурыщІэ (глагол) зэгуэтым псалъэ мин щитІым нэблагъэ къызэрытехъуькІар сфІэгъэщІэгъуэныщІэу си нэрылъагъущ.

ЕтІуанэрауэ, псалъэщІэ къигъэхъуным нэмыс щыІкІэ, къигъуэтыну Іэмал куэд иІэщ адыгэбзэм, иджыри хэмыкІуэдэжыпауэ диалект куэд зэриІэм и фІыгъэкІэ. Зы диалектым хэмыт псалъэр адрейм хэтынкІэ хъунущ. Апхуэдэу щытрэ пэт, псалъэщІэ дыщыхуэныкъуэм деж, дэ езым ди ІэмалкІэ къэдгъэхуни демыІаІэу, ди лъэпкъэгъу диалектхэм дыхэплъэну дигу къэмыкІыу е зэдмыпэсу, абыхэм даблоІэбыкІри, аддэ жьжьэ доІэбэ, дымыщІэ хъэрыпыбзэм, тыркубзэм псалъэ къыхыдохри кІыдощтэ. Абыи къыщымынэу, хьэхуу къэтщта хамэбзэ псалъэр, къызыхэтха бзэм щиІэ мыхьэнэм текІыу зыдохьэ, къыдогъэсэбэн.

Псалъэм папщІэ, *талант, опытный* псалъэхэм я пІэкІэ адыгей жьабзэм хэт *сэнауш* псалъэр дымыльагъуу, аддэ хьэрыпыбзэм, тыркубзэм деж доІэбэри *зэчий* псалъэр кІыдощтэ, а псалъэм а бзэхэм щиІэ мыхьэнэри дымыщІэхху е абы демыгупсысыхху. *Зэчий* псалъэм хьэрыпыбзэм, тыркубзэм щиІэ мэхьэнэр *гурыхуэ, губзыгъэ, Іущ* жиІэу араща. *ЦІыху зэчий* жиІэмэ, *цІыху гурыхуэ/губзыгъэ/Іущ* жиІэу араща, *зэчий зыбгъэдэль* жаІэу зэрызэрахьэр захуэкъым, *гурыхуэ/губзыгъэ/Іущ бгъэдэль* жытІэмэ, къызэремызэгъым хуэдэу.

Апхуэдабзэу тыркубзэм къуажэ мыхьэнэ щызиІэ *куей* псалъэр къыдощтэри, *район* мыхьэнэ иІэу зетхьэну дыхохьэ. Абы нэхърэ куэдкІэ нэхъыфІщ *район* псалъэр гъунэгъум деж хьэхуу къыщытщтэныр, абы и пІэкІэ *фэльыр* (территория), *тэкурэку, Іэгъуэблагъэ* хуэдэ псалъэхэм ящыщ е абыхэм къытедгъэхъуКІыфынкІэ псалъэ гуэр зетхьэныр, щымыхъужым деж *къалэжьей* жытІэныр.

Хьэрыпыбзэ псалъэу тыркубзэми хэт *Іэмэл* псалъэр къатщтэри, ар *Іэмал* тщІащи, хэкІыпІэ мыхьэнэ иІэу зыдохьэ. Іэмэл псалъэм и мыхьэнэр *гугъэ льэщ жьжьэ, гураща/гуэлъ льэщ жьжьэ* жиІэу аращ. *Іэмэл* псалъэр къэбэрдей жьабзэм имыхъужыщэу Іэмал жиІэу *хигъэхьамэ*, адыгей жьабзэм ар адыгэ макъ щыкІэм, жыІэкІэм нэхъ къызэрезэгъыну *амал* ищІащ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, хамэбзэ псалъэ хьэхум адыгэбзэ фащэ щытІэгъащи, *Іэмалым* и пІэкІэ *амал* жытІэмэ нэхъыфІынкІэри хъунущ.

(КІэуэхыр 4-нэ нап.).

Ди лъэпкъ Іущыгъэ, фІыгъуэ мылъытэ

«Адыгэ псалъэм» иджыблагъэ къыхилъхьа рубрикэщІэм, «Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?» фІэщыгъэр зиІэм, епха си гупсысэхэмкІэ садэгуэшэну сыхуейт зи анэдэлъхубзэр фІыуэ зылъагъу си лъэпкъэгъуэм. Куэдым дощІэ: бзэм, псалъэм я хуэр инщ. Анэдэлъхубзэ зыІурымылъ, ар зымыхъумэ, абы хуэмысакъ лъэпкъым къэкІуэну дахэ иІэкъым. Анбзэм къитІасэу къэтпсэлъ дэтхэнэ псалъэми я мыхьэнэм епха псалъэжь куэди къыздокІуэкІ адыгэхэм игащІэми. Апхуэдэхщ «Псалъэм гъущІыр къеГэш», «Псалъэр пылым нэхърэ нэхъ бланэщ», «Джатэм пиупщІыр мэкІыжри, псалъэм пиупщІыр кІыжыркъым», «Си бзэ ныкъуэм гуныкъуэгъуэ ущигъащІэркъым» псалъэжь гъуззэджэхэр.

ИЖЬ-ИЖЬыЖ лъандэрэ адыгэхэм пщІэлей хуащІу щытащ дахэу псэлъэфхэм, я гупсысэхэр шэрыуэу къэзыІуэтэфхэм, бзэ дахэ зыІурылъхэм. Апхуэдэхэрат я хьэщІэ гъэхьэщІэнри, хьэгъуэлІыгъуэ егъэкІуэкІынри, тхьэлъэлъхэм бжьыпэр щыІыгъынри дзыхь зыхуащІу щытар.

Дахэу, Іущу псэлъэныр адыгэ псоми я зэхуэдэ къалэн пажэхэм ящыщт. Тхыдэри щыхьэт тохъуэ адыгэ псалъэм къэгъэІэн, джатэм нэхърэ нэхъ лъэщу зэрыщытыр. Жьэмейуэ, цІыху мыщІу щытыр Хаси ираджэртэкъым, сыт хуэдэ ныбжь имыувами, гуп щыхьыхьэкІэ, дзыхь хуащІу, псалъэ жрагъэІэртэкъым. Апхуэдэхэм щхьэкІэ адыгэхэм яІэт джэгуакІуэхэр. ХьэгъуэлІыгъуэ зиІи, хьэщІэ къызыхуэкІуаи, тхьэлъэІуэмэлІэужьыгъуэхэр зыщІи - псори хуейт я Іуэхухэм джэгуакІуэхэр хэтыну, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ абыхэм я бзэр шэрыуэт, кІуэрыкІуэм тету хъуэхъуэхэр, уэрэдхэр зэхалъхьэрт. Адыгэ джэгуакІуэщхуэ гуэрым мыпхуэдэу жиІауэ щытащ: «Сэ къэрабгъэр зы псалъэкІэ хахуэ, Хакум и хъумакІуэ сощІыф, лІыхъужьым бгъэм и дамэ къытызогъакІэ, дыгъум и хьэлыр зыхызогъэн. Си пащхьэ къиувэфынукъым цІыху бзаджэр, сэ цІыхугъэншагъэм, икІагъэм срабийц...»

Сыт хуэдизкІэ ди жагъуэ мыхъуми, нэрылъагъущ къытщІэхъуэ щІэблэм я бзэр кІуэ пэтми нэхъ къулейсыз зэрыхъур. ГуфІэгъуэ зэхуэсхэм деж псалъэ, хъуэхъу жьІэн хуейуэ къыхуагъэфэщащэ, я гупсысэхэр дахэу кІыззрамыІуэтэфым тегуэвэныну большэу, мыхъуэхъуэфу жьзыІэу зыщхьэщызыгъэкІэхэри мащІэкъым.

Бзэм екъэлІа хабзэхэм я щхьэр зыщ: «Адыгэбзэр сыт хуэдэ адыгэми ищІэ къудейм къыщымынэу, икІи ireджэфу, иритхэфу щытын хуейщ». Мы Іуэхум щхьэусыгъуэ иІэн хуейкъым - е уадыгэщ, е уадыгэкъым. Щхьэж къыхихьжынур езым елъытыжащ. Нобэрей зэман хьэлъэм ядыгэнэр сыт хуэдэу мыгугъуми, а гугъуехьыр зыгъэтэмэмыну зи пщэ къыдэхуэр дэращ, армыхъумэ ди гъунэгъу лъпкъэхэр къакІуэу ди цІэкІэ тхуэадыгэнукъым. Дэтхэнэ зыри абы нэхъ куууэ егупсысыпхъащ.

Адыгэхэм куэд лъандэрэ къыддэгъуэгурыкІуэ хъуэхъу дахэхэр ноби кІуэдыжакъым. ЗэбгъэщІэну ухуеймэ, ахэр тхылъхэм итщ, газетхэм къытрадзэ. ТІорыси хъуакъым ахэр, купщІафІэхэщ, гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ ин дыди яІэщ. Ахэр ди лъэпкъ Іущыгъащ, абы Іуэху мыщхьэпІэ дыщыкуоэ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, нобэ ахэр къэзыгъэсэбэнрыжри, зыщІэри, зэзыгъэщІэну хуейри мащІэ дыдэщ. Сэ сызэрепльымкІэ, абы и щхьэусыгъуэр а хъуэхъуэхэм хэт псалъэхэм ящыщ куэд нобэ къызэрамыгъэсэбэныжырщ, я мыхьэнэр къаззрыгурымыІуэжыщэрщ, къагурыІуапэу щытми, нобэрей псэукІэмрэ гъащІэмрэ къеозгъ дыдэу зэрыщымытыжхэращ. А псоми къишэр а псэлъафэхэр цІыхухэм яІэпыхужу зэрыхуежьараш. Псалъэм папщІэ, адыгэ хъуэхъуэхэм дыщрохьэлІэ мыпхуэдэ псалъэхэм е жьІэкІэхэм:

Вабдзэ махуэ тетлъхьауэ,
Жьар махуэ дыхуэзауэ,
Щы фІыщІэм и махуэр къигъэзэну,
Хум и фІыпІэкІэ къызэрылъэлъыну.

Апхуэдэ псалъэхэр куэду щыдолъагъу унагъуэ, нысашэ хъуэхъуэхэми:

Мы унагъуэр уардэ унэжьу,
Выжь укІыпІэу,
Нарт ефапІэу, унапІэ махуэу,
Пхъэм и махуэр я бжаблэу,
Я бланэлыр зэтету...

* * *

Ди нысэ цІыкІур Іэфракъэ кІэщІу,
Мастэ кІэщІырыдэу,
Идар мытІэпІыжу,
ТІэпІыхукІэ зекІуэу,
НысащІэхэм я щхьэу,
Жьыхапхэр илъэфу,
унафэр иримыхьыу...

Тыншу къышІэкІынукъым нобэ а хъуэхъуэр щІалэгъуалэм зрагъэщІэну япэбубыдыну, уеблэмэ, я мыхьэнэ псор къагурыбгъэІуэнуи. Апхуэдэ хъуэхъуэкІэ захуэбгъаэзкІи арэзы пхуэмыщІынри хэлъщ, ауэ а хъуэхъуэхэм щІапІыкІа ди нэхъыжьхэм ахэр дуней насыпу, гуфІэгъуэшхуэу къащыхъунущ.

Газетеджэхэр дыззэдзуэфынущ щІэблэм анэдэлъхубзэр зэрамыщІэмкІэ егъэджакІуэри, адэ-анэри, сабий садри, школри къуаншэу жытІэу. АтІэми хьэкъыр зыщ: анэбзэр быным Іурылъу къэгъэтэджыныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщи, абы къару зэхэдзкІэ демыувалІэмэ, ди лъэпкъ хъурЫуэфІыгъуэхэм дыжкІыжыкІэ шынагъуэ щыІэщ. Анэдэлъхубзэр щІэблэм яБгъэздмылъхьэныр лъэпкъ напэм къемыззгъащ.

Си фІэщ мэхъу: куэд дыдэ мыхъуми, абы хуей, гууз-лыуз зиІэу а къалэным бгъэдэт цІыхухэр дызэриІэри дяпэкІэ дызэриІэнури. НобэкІэ зэрылъагъуращи, ныжьвыщІэхэм я анэдэлъхубзэмкІэ псалъэмакъ ядебгъэкІуэкІыну, я гупсысэхэр шэрыуэу къеБгъэІуэтэну нэхъ гугъу хъущ, кІуэ пэтми нэхъ гугъуж хъунущ. Абы къыхэкІкІэ дэтхэнэ егъэджакІуэми гъэсакІуэми, адэ-анэми дапщэщ нэхъри нэхъ тКІийуэ щІэбгъэм ядэлэжьэныр, ди лъэпкъ хабзэ дахэхэмрэ я анэдэлъхубзэ къабзэмрэ яхэпщэныр ди къалэн нэхъыщхьэу щытщ.

Ар къэслъытэу, сэ еджакІуэхэм къалэн ящызощІ анэдэлъхубзэм, адыгэ хабзэм я пщІэр нэхъри зыІэт усэ кІэщІ цІыкІуэхэр гукІэ зрагъэщІэну. Ахэр урокым и зы Іыхьэу хызогъэхьэ, «Усэбзэм и дакъыкъэхэр» фІэсщауэ.

Адыгэбзэр езыгъэджэхэм я дерсхэм къыщагъэсэбэн хъуну къэслъытэу, зэхэслъхьащ ди нобэрей гъащІэм хуэкІуэ усэ цІыкІу зыбжанэ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ фи пащхьэ изолъхьэ, егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм зыгуэркІэ сэбэн къыфхуэхъумэ, си гуапэу.

Иремыльэ фи унэм сымаджагъэ,
Къилъху къилъхужаи иремыхъу тутнакъ.
КъахремыкІ ныбжьэгъуэм епцІыжакІуэ,
Фи мурадыфІхэм фи Іэр лърырелэс.

* * *

Пщэдджыжь хъуэхъуэхэр жаІэ нэхъ къабылу,
Абы щхьэкІэ тІэкІу сепІэщІэкІащ.
Сэ пхуэзгъэфэщащ, нэхъыфІ къысщыхъури,
Тхьэшхуэр сфІэфІщ тхуэхъуну акъылэгъу.

* * *

Мы дунеижьыр мэкІэрахъуэ, шэрхъщи.
Мычэму дэри дыкъыдоджэрэз.
Дыходжэразэ зэм дуней нэщхьыфІэу
ЗыщыдмыгъэнщІу ди псэр зыхьхэхуф.
Дыщегъэхутэ зэми щІыпІэ ябгэу
Гугъуехьи, гуауи, жагъуи, зытепхъам.
Аращ и хабзэр гъащІэм: фІыи Іеи
Къезэгъыну, дахэу щызэхэухуэнащ.
А тІур тэмэму уэ зэблэгъэкІыфмэ,
НасыпкІэ уеджэ хъуну къыщІэкІынщ.
Къэщтэф, зехьэф ар, ухэмызэрыхьу,
Зэхэбгъэзэрыхьынуи уи гум къыумыгъэкІ.

* * *

Щытхъу псалъэм зэи зыромыгъэхьэжьэ,
Жагъуэгъу и жыІи лъэр щІымыгъэгъэху.
Ижынур пщІэжу уиш утетщ уэ гъуэгуи,
Дапщэщи угулрлы ар пхурырехъу.
Трырелъ сыт щыгъуи абы берычэтыр.
ЦІыху пэжи куэду гъусэу Тхьэшхуэм къуит.
Уэ уимыбгынэу къыпщІрегъу гухэхъуэр,
УепцІыжу напэм, зэи укъымыкІуэт.

ДЫЩЭКІ Марие,
КъБР-м и цІыхубз егъэджакІуэ.

● ЦІыхубэ егъэджакІуэм и псалъэ

Дыщэкі Марие



«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Шэрджэс Расьят и жэрдэм

Хьэбэз къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м мы гъэтхэпэм и 4 – 7-эм щрагъэкІуэкІащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ теухуа егъэджэныгъэ дерсхэр, олимпиадэхэр, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр, дерс зэІуахэр.

КЪУЭКЪЭЩЫПХЪЭУ къыдолъытэ мы школым анэдэлъхубзэр джыным сыт щыгъуи гулъытэ хэха зэрыщыхуащІыр. Егъэджэныгъэ программэм къриубыдэм къинэмыщІауэ, классщІыб лэжьыгъэшхуи ирагъэкІуэкІ. Абы папщІэ зыхуэныкъуэ псори яІэщ: егъэджакІуэ емышыжхэр, абыхэм я гупсысэ, мурад щІэщыгъуэхэр ядэзышІэ, сыткІи щІэгъэкъуэн яхуэхъу унафэщІ Гъуэщокъуэ Маринэ, анэдэлъхубзэр джыным хуэпабгъэ еджакІуэхэр.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ мы школым щезыгъэджэхэр нэІуасэ фхуэтщІмэ ди гуапэщ. Ахэр: Къэрэшей-Шэрджэсми нэгъуэщІ щІыпІэхэми фІы дыдэу къыщацІыку, бзэр егъэджэныным и кІуру емыблэжку хуэпажьэ, республикэ Адыгэбзэ Хасэм и пашэ ШэрджэС Расьят, еджапІэм и методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ Туаршы ФатІимэт, бзэм ехьэлІауэ лэжьыгъэфІ зэфІэзыххэу Сидакъ Светэ, Акъ Софье, Пхъшэ Шарифэ сымэ. АдыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ нэхъыфІыр убзыхуным теухуауэ мы гъэм районым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Туаршы ФатІимэт етІуанэ увыпІэр кьиззэрыщихьари къыхэгъэщыпхъэщ.

АтІэ, махуэ кьэс ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, ят дерсхэм къищынэмыщІауэ, сыт хуэдэ ІэхуэхэмкІэ мы гъэм къыхагъэща Адыгэбзэм и махуэр, абы ирихьэлІэу сыт зэфІахар?

- Къапщтэмэ, класс псори екъухэтщ бзэм ехьэлІа лэжьыгъэхэм. «Си псэу си адыгэбзэ» сочиненэ зэхьэзэхуэ, «Ди бзэм и лъэщагъыр ди щІэблэм зыхьыдоГъащІэ» классщІыб лэжьыгъэ, «Псэм и пэ напэ» дерс зэІухар, «Ди блэкІам дыщІоплъыкІыж» и фІэщыгъэу музейм щекІуэкІа дерс - нэгъуэщІ куэди къыззщІедгъэубыдащ мы Іуэхум. «Живая классика» зи фІэщыгъэ район зэхьэзэхуэм 2-нэ увыпІэр къыщихьащ 10-нэ классым щеджэ Арэшыкъуэ Іэсият. «Адыгэхэр - хэт ахэр?» жыхуиІэ зэхьэзэхуи, класс нэхъыщІэхэм щеджэ щІыкІуэм я тетрадь нэхъыфІхэр къыхэхыным хуэгъэпса зэпеуи едгъэкІуэкІащ. АбыкІэ дгъэнэІуащ хэт нэхъ дахэу, кьабзэу тхэми, дэтхэнэ сабийми и тетрадым пщІэуэ хуищІыр зыхуэдизыр, - дыщегъэгъуазэ Хьэбэз къуажэ курыт еджапІэм и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кІуэдзэ Кхъуэхъу Линдэ. Класс нэхъыщІэхэм щезыгъаджэхэми бзэм ехьэлІауэ сабийхэм лэжьыгъэшхуэ драгъэкІуэкІ. Хьупсакъуэ Фатимэ 4-нэ «а» классым адыгэбзэмкІэ дерс зэІуха щригъэкІуэкІащ. «Адыгэ псалъэ»- «Адыгэ щыналъэ» зи фІэщыгъэ блын газетхэр яГъэхьэзыращ класс нэхъыжьхэм щеджэхэм, ари зэхьэзэхуэ щІыкІэм иту екІуэкІащ. НэхъыщІэхэр хэлэжьыхьащ жьэрыІуатэ сочиненэ зэхьэзэхуэм. АбыкІэ нэхъыщхьэу дубзыхуар сабийхэм бзэр зэрагъэІуныщІэращ, псалъэхэр кьызэрапсэльращ.

Адыгэ лъэпкъым кьэхэкІа, бзэр кІуэдыжьным тешыныхь дэтхэнэми ди гукъеуэ нэхъыщхьэри кьыхигъэщащ Кхъуэхъу Линдэ.

- Ди егъэджакІуэхэм жэрдэму кьыхалъхьэр гъунэжщ, сабийхэм я анэдэлъхубзэр яІурыльным ехьэлІауэ. Ауэ, пэжыр жыпІэмэ, ипэкІэ зэрыщытам хуэдэу, бзэр ягъэшэрыуэжьркъым, урысыбзэм зезытыр нэхъыбэщ. Уеблэмэ зы таурыхъ щІыкІу кьыуэтэжьным гугъу ириГъэхъхэри яхэтщ, - жеІэ Линдэ.

КьищынэмыщІауэ, Кхъуэхъум дызэрыщитІэгъуэзаращи, мазаем щегъэжьауэ еджапІэм бзэм теухуа дерс щхьэхуэхэр щрагъэкІуэкІащ. Мыгувэу ахэри, адыгэбзэм ехьэлІа Іэхуу зэфІагъэкІаІэхэри кьапщытэжьынущи, нэхъыфІхэм, нэхъ кьыхэжаныкІаІэм ЩІыхь тхыльхэр, фэеплъ саугъэт гуэрхэри щІыгъуу, ираты нущ. Ари щІэблэр бзэм кьыхуэзэушынымк, тегъэгушхуэным и зы Іэмалщ.

Адыгэбзэм ехьэлІауэ зэфІагъэкІа Іэхуэхэр кьаращыцытэжу, ГъатхэпІэм и 14-м сочиненэ ятхынущ. Абы хэтынущ еджакІуэхэри, егъэджакІуэхэри, анэ-адэхэри. Ар зи жэрдэмыр Адыгэбзэ Хасэращ, абы и пашэ емышыж Шэрджэс Расьятщ. Мы лэжьыгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр бзэр щІэблэкІэрэ зэрызэІэпах, бзэмырэ адэ-анэмрэ бзэр зэрагъэушэрыуэр кьэхутэнращ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ириндж.

Туаршы ФатІимэт еджапІэ музейм щрегъэкІуэкІ «Ди блэкІам дыщІоплъыкІыж» дерс зэІухар.

Лъэпкъым и къарур зыхэлъыр и анэдэлъхубзэращ

Джэтауэ Викторрэ Аслъэн Алийрэ.

Лъэпкъыбзэхэм я дунейпсо махуэм КъШР-м и Правительствэм и Унэм зэІущІэ щекІуэкІащ. Ди республикэм фІагъ хэлъу лъэпкъыбзэхэр щегъэджэныным зэран хуэхъу Іэхуэгъуэхэр щызэпкърахащ абдеж. ЗэІущІэр ирагъэкІуэкІащ республикэм егъэджэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Семеновэ Елизаветэ я пашэу. Абы хэтащ КъШР-м и Парламентым и депутатхэр, муниципальнэ къэхъугъэхэм егъэджэныгъэмкІэ я къудамэхэм я унафэщІхэр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ФИГУ къэдгъэкІыжьыкІащ, илъэс кІуам, ди республикэм лъэпкъыбзэхэр хьумэн хьисэнкІэ, лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зы защІри, республикэм и унафэщІхэм зыхуагъэзат а Іуэхум гулъытэ къыхуарагъэщІыну. Абы ипкъ иткІэ, КъШР-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Кравченкэ Инн я пашэу лэжьакІуэ гуп къызэрагъэпэщащ щытащ. А гупыр районхэмрэ къалэхэмрэ я еджапІэхэм щыІащ. Яхуэзащ егъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм, еджакІуэхэм. Зыщыгъуазэхуэхэм щытепсэльыхьыжащ зэІущІэм. ЩхьэхуэУ къыхагъэщащ лъэпкъыбзэхэр езыгъэджэхэм я пщІэр къэІэтыныжрэ сабий Іыгъыпізхэм лъэпкъыбзэкІэ щегъэджэныр къызэгъэпэщыжьынымрэ.

Ди республикэм лъэпкъыбзэхэр хьумэныжкІэ щыІэ хэжьыпІэхэм тхутепсэльыхьащ КъШР-м гуманитар къхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Джэтауэ Викторэ**.

- ЩІэныгъэ-техникэ зыужьащІыныгъэм зиужьыху лъэпкъ цІыкІухэм я бзэр дахуэха мэхъу. Нобэ интернетым кьыщумыгъэсэбэп бзэр уэхбзэхьу кІуэдыжьынкІэ шынагъуэ щыІэщ. ИкІи тыншу убзыхуа, губзыгъагъ хэлъу уэзда бзэ политикэ къэдгъэсэбэпмэщ лъэпкъыбзэхэр къыщыдгъэщІэрэщІэжьыфынур. Абы папщІэ, къэрал унафэщІхэми, адэ-анэхэми, егъэджакІуэхэми, еджакІуэхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми зызэщІагъакъуэу зэдзэпкъэн хуейщ, - жиІащ Джэтауэм.

Псом япэ зэлэжьыпхъэхэри игъэбелджылащ унафэщІым. Ар, нэхьжьыщІэхэр зэреджэ тхыльхэр зэманым кьигъэув щытыкІэхэм техуэу хьуэжьнращ, ахэр щІэуэ зэхэгъэувэнращ. ЕтІуанэу, лъэпкъыбзэхэр джыным курыт еджапІэхэм щыхухаха сыхьэт бжыгъэжьи Іэмал имыІэу хэгъэхуэн хуейуэ къыІэтащ. ЛъэпкъыбзэхэмкІэ егъэджакІуэхэр гъэхъэзырынми гулъытэ хэха зэрыхуэщІыпхъэр жиІащ.

КъинэмыщІауэ, Джэтауэ Виктор и гугъу ищІащ щІыпІэ телевиденэм лъэпкъыбзэхэм хухах сыхьэт бжыгъэри мащІэу зэрыщІтым. Кьыхилъхьащ, республикэм и унафэщІхэм ягъэлажьэ хъыбарегъащІэ сайтхэм лъэпкъыбзэхэмкІэ хъыбархэр кьыщат Іыхьэ хэха яІэмэ, мы Іуэхум зэрыхуэщхьэпэнур.

Лъэпкъыбзэхэр джынымкІэ лъэпощхьэпо нэхъыбэм ІуощІэ кьалэ еджапІэхэр. Мыбдеж сабийхэм бзэр ямыщІэхэзу еджапІэм щыщІэтІысхьэр нэхъыбэщ. ИкІи къэзыхэкІа лъэпкъым и бзэр хамэ къэралыбзэм хуэдэу, зыри хамыщІыкІыу джын щІадзэ абыхэм.

Лъэпкъыбзэм мыхьэнэшхуэ имыІэу, ар я сабийхэм ямыджми хъуну къэзыІэтэ адэ-анэхэм кьалэм нэхъыбэу ущрохьэлІэ. Черкесск кьалэм я Іуэхур зэрыщеГыкІым зэІущІэм щІэсахэр щигъэпэзащ республикэ кьалащхьэм и мэрием егъэджэныгъэмкІэ и Управленэм и Іэщ-Іагъэрылажьэ нэхъыщхьэ, лъэпкъыбзэхэр еджапІэм зэрыщрагъэджыр зи нэІэ щІэт **Агырбэ Хъаджэт**.

- Иужьрей илъэсищыр къапщтэмэ, Черкесск и еджапІэхэм щІэсу зи лъэпкъыбзэр зыджыжьыр зэрыхъур процент 81-ращ. Адрейхэр бзэр зезымыхьэ еджакІуэу кьалъытэ. Ахэр нэхъыбэм лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьахэкІауэ унагъуэ зэдзэзыщІахэм я сабийхэращ. Кьапщтэмэ, 2018 - 2019 егъэджэгъуэ илъэсым, Черкесск кьалэм щеджэ адыгэ сабий 2217-м я ящы-щу 466-м урысыбзэр я лъэпкъыбзэу кьалъытэ. Апхуэдэ кьабзэу, абазэ еджакІуэ 1382-м ящыщу 293-м, кьэрэшей еджакІуэ 4499-м ящыщу 699-м, нэгъуей еджакІуи 176-м ящыщу 115-м я лъэпкъыбзэхэм я пІэкІэ урысыбзэр ядж, - жиІащ Агырбэм.

КьинэмыщІауэ, Хьаджэт тепсэльыхьащ еджапІэхэр лъэпкъыбзэ, литературэ тхыльхэмкІэ зэрызэтегъэпсыхьам. Адыгэбзэ, литературэ тхыльхэмкІэ кьалэ еджапІэхэр процент 65-кІэщ кьызэрызэгъэпэщащ. Адрей лъэпкъхэм ебгъапщэмэ, кьэрэшеибзэр зыджэхэр процент 90-кІэ, нэгъуеибзэр - процент 95-кІэ, абазэбзэр - процент 70-кІэ кьызэгъэпэщащ.

Лъэпкъыбзэхэр хьумэныр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр зэІущІэм щыхиІащ КъШР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**.

- Мы щытыкІэр зэхьэлІар зы лъэпкъым и закъуэкъым. Мыбы ди республикэм щылажьэ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр псори дызэкъуигъуэващ. Республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм, кьыхэтпльхьэ Іэхэр кьыдищтэри, еджапІэхэм зэІущІэхэр кьыщытхуэзэригъэпэщащ. ДаІущІащ еджапІэхэм я унафэщІхэми, егъэджакІуэхэми, адэанэхэми. Дызыхуейр ягурыдгъэІуащ, ахэр зыІуу ныкъусаныгъэхэр зэдгъэщІащ. Псом нэхъри нэхъ гущІыхьэу а зэІущІэхэм щытпльэгъуараращи, адэ-анэхэм я процент 20-м нэсым я бзэр ямыдэжу, я сабийхэми ар ирагъэжьну хуэмеІуэ къызэрыуварщ. Мис ар лъэпкъ насыпыншагъщ. Апхуэдэ цІыхухэр я лъэпкъым епщІыжауэ кьыщохъу. АдэкІи ди лэжьыгъэм пыдощ, иджы еджапІэм кьыщымынэу, класс къэс, егъэджакІуэ кьэс щхьэхуэу закъуэдгъаз. Анэдэлъхубзэр зи сабийм езыгъэджыну хуэмей адэанэхэми депсэлъэнущ, кьедгъэгъэзэжьын мурадкІэ, - жиІащ Аслъэн Алий.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр тепсэльыхьащ еджапІэхэм щрагъэкІуэкІа зэІущІэхэм щальэгъуа нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Апхуэдэщ лъэпкъыбзэхэмкІэ дерс-хэр сабийхэм зэрафІэгъэщІэгъэным хуэдэу кьызэрызэмыгъэпэщащ, анэдэлъхубзэхэм хухаха сыхьэт бжыгъэ мащІэ пэтми, куэдрэ абы и пІэкІэ нэгъуэщІ дерсхэр зэрырагъэкІуэкІыр, класс кІуэцІхэр зыхуейхэмкІэ зэрызэтемыгъэпсыхьар, методическэ пособиехэр зэрамылэр, зэрырагъаджэ программэм фІагъышхуэ зэрыхэмыльыр, нэгъуэщІхэри.

Сабий Іыгъыпізхэм лъэпкъыбзэхэм гулъытэ зэрыхуамыщІыжри а Іуэхур икІэкІэ изыгъэкІуэту зэрыщытыр жаІащ, а щытыкІэм Іэмал имыІэу зегъэхъэужьын хуейуи кьыхалъхьащ.

Зэпсэльэныгъэхэр кьапщытэжкІэрэ, ягъэбелджылащ республикэм гуманитар къхутэныгъэхэмкІэ и институтым хыхьэу «проектнэ офис» кьызэрагъэпэщыну. Ар адэІепыкъуэгъу хуунущ лъэпкъыбзэхэр джынымкІэ, ахэр хьумэнымкІэ щІэн хуей Іуэху-гъуэхэр зэхэгъэувэнымкІэ, а кьалэнхэр гъэзащІэжьынымкІэ. ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ институтым зэрыщрагъаджэ программэр нэхъри ирагъэфІэкІуэн зэрыхуейри жаІащ. Муниципальнэ къэхъугъэхэм егъэджэныгъэмкІэ я къудамэхэм я унафэщІхэм жраІащ лъэпкъыбзэхэм хухаха класс кІуэцІхэр зэманыщІэм щытыкІэхэм техуэу зэтегъэпсыхьа хьуным кІэлыплъэныр.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ.
Сурэтыр **Туаршы Беслъэн** *трихащ.*

Адыгей

Изэгъэшіэн ашіогъэшіэгъон

Адыгэ кІэгъеГъэджэ колледжэу Андырхъое Хьусен щыІэ зыхьырэм 1994-рэ илъэсым къыщыублагъэу урыс студентхэми адыгабзэр щыІэзэрагъашІэ. А илъэсым бзэм фэгъэхьыгъэ унашъоу къыдэкІыгъэм диштэу, кІэлэегъаджэхэм программэ зэхагъэуцон, ащ диштэу мыщ щеджэрэ ныбжьыкІэхэм Іоф адашІэнэу колледжым пшъэрылъ къыфашІыгъ.

-А ПРОГРАММЭМ апэу дэлэжьагъэхэр КІэрэщэ Зайнабрэ Пэнэшъу Нинэрэ, - тарихъыр къытфеІуатэ урыс студентхэм адыгабзэр языгъэшІэрэ Пэнэшъу Мэрянэ. Апэрэ тхылъэу «Адыгабзэр» зыфІоІорэр ахэм кьыдагъэкІыгъагъ. ЖэнэлІ Тамарэ, ГункІэкъо Мусльимат, Сэмэгу ФатІимэ, Терчыкъо Лидэ джахэр арых апэ дэдэу урыс студентхэм Іоф адэзышІэнэу езыгъэжьагъэхэр.

Апэрэ илъэсхэм адыгабзэр зэрэзэрагъашІэщтыгъэм непэрэр текІы. А лъэхъаныи хэушъхьафыкІыгъэ куп яІагъэх. Ахэр къикІыщтыгъэр урыс студентхэм икъу фэдизэу адыгабзэр зэрэзэрагъашІэщтыгъэр ары. Адыгэхэм афэдэу ахэм кууоу бзэр кьызІэкІагъахьэщтыгъэ. Практикэ ахьыныу еджапІэхэм кІощтыгъэх, адыгабзэкІэ гъаджэщтыгъэх. Ауи фэдэ апэрэ купэу колледжыр къэзыухыгъэхэр Адыгэ къэралыгъо университетым илъэпкъ факультет хэушъхьафыкІыгъэ группэ кьафыщызІэуахи, яеджэн щыпадзэжьыгъагъ. А купым хэтыгъэхэм ащыщу Марина Волковам адыгабзэкІэ диссертацие ытхыгъ.

Зигугъу кьэтшІыгъэ купым щыщхэр непэ адыгабзэм чанэу рэлажьэх. Республикэм ит гурыт еджапІэхэм адыгабзэмкІэ ащырагъаджэх, телевидением Іоф щашІэ.

- Непэ колледжым адыгабзэр зэрэщызэрагъашІэрэр тІэкІу зэхъокІыгъ. Группэхэм зэкІэм зэрагъашІэ, ау ыпэкІэ фэдэу куооу рагъэджэнхэр программэм кьыдилъытэрэп. Я 2-3-рэ курсхэр арых зэзыгъашІэхэрэр, - къытфеІуатэ Мэрянэ. - Адыгабзэм рыгущыІэнхэр, кьараІорэр кьагурыІоныр ары анахьэу тыНаІэ зытедгъэтырэр.

ИцІыкІугъом кьыщегъэжьагъэу адыгабзэр зыІэкІэмылъ нэмыкІ лъэпкъым щыщ студентым бзэр зэриГъэшІэныр псынкІэп. Сыда пІомэ, мэкъэ Іужьхуэр, гущыІэ кьинхэр ащ хэтых. Ау колледжым щеджэрэ ныбжьыкІэхэм ар нахь куоу зэрэрагъэшІэщтым кІэлэегъаджэхэр пылъых.

- Непэ акІугъэ темэр агу къэдгъэкІыжьызэ, кІэджыкІыжьыныр зыщытымыгъэгупшэу егъэджэн сыхьатхэр зэхэтэщых, - игущыІэ лъегъэкІуатэ Пэнэшъу Мэрянэ. - Іоф зышІэрэ пэпчъ екІолІкІэ гъэнэфагъэ иІ. Ау сишІошІкІэ кІэджыкІыжьыныр, гущыІэныр, езыр зэгъэшІэныр хэмытэу бзэм фебгъэджэнхэр кьины хъущт. Пшысэу ашІэхэрэм урысыбзэкІэ тяджэ, ахэр адыгабзэкІэ зэтэдзэкІых. Ахэр спектакль цІыкІу фэдэу ежьхэм агъэуцух ыкІи къаГъэльагъо. Мыщ фэдэ шыІэхэм яшІуагъэкІэ гущыІэхэр агу кьенэжьых.

Адыгабзэм фэгъэхьыгъэ мэфэкІ Іофтхьабзэхэу, зэнэкъокъухэу колледжым щызэхащэхэрэм урыс студентхэр чанэу ахэлажьэх. Ахэм усэ зэфэшъхьафхэр кьаІох, ясэнаущыгъэ кьагъэлъагъо.

Колледжым я 3-рэ курсым щеджэрэ Лилия Демченком адыгабзэр шІогъэшІэгъонэу зэрэзэригъашІэрэр тыуцэтын тлъэкІыгъ. Ащ гущыІэхэр Іупкіэу ыкІи кьабзэу къеІох.

- ЕджапІэм адыгабзэр щызэзгъэшІагъ, ау шІэныгъэ ин сІэкІэлъэу сыкъычІэкІыгъ сІон слъэкІыщтэп, - къеІуатэ Лилие. - ЕджапІэр кьызэсэухым гущыІэ заулэ нахь сшІэщтыгъэп. Колледжым сыкъызычІахьэм адыгабзэр нахь куоу зэзыгъэшІэнэу езгъэжьагъ.

Лилие я 2-рэ курсым щегъэжьагъэу адыгабзэр зэрегъашІэ. Илъэсырэ ныкъорэм кьыкІоцІ пшъашъэм гущыІэхэм кьарыкІырэр кьыгурыІо хъугъэ, ежьыри гущыІэхъугъэхэр дэгъоу кьызэпегъафэх.

- Адыгэ Республикэм сыщэпсэу. Адыгэ лъэпкъым сыхэс, сипшъэшъагъэр адыгэх. Ахэр зэкІэ зэхэубытагъэу адыгабзэм нахь пэблагъэ сыхъунымк фэІорышІагъх, - игущыІэ лъегъэкІуатэ Пэнэшъу Мэрянэ. - Я 4-рэ курсыр кьэсыухы зыхъукІэ, адыгабзэр дэгъоу сІэкІэлъынэу пшъэрылъ зыфэзгъэуцужьыгъ.

Функ Людмилэ Джэджэ районным щыщ. Ащ гурыт еджапІэм адыгабзэр щызэригъэшІагъэп. Я 3-рэ курсым щеджэрэ пшъэшъэ ныбжьыкІэм бзэр шІогъэшІэгъон, ар нахь куоу зэрэзэригъэшІэщтым пылъ. Адыгабзэм фэгъэхьыгъэ Іофтхьабзэу колледжым щызэхащэхэрэм чанэу ахэлажьэ.

ГЪОНЭЖЬЫКЪО Сэтэнай.

Тэу зэшъхьэгъусэхэу Аслъанрэ Нуриетрэ

Адыгэм икІахъо гъэбагъо

Бэгъуагъэм бзэр ихабзэу,
Хабзэр адыгабзэу,
Бзыпхъэр адыгагъэу,
Гьыныр ямакІэу,
КІэм дэхъухэу,
Хьубгэр намысэу,
Зынэсхэрэр насыпыгъэу,
Тыгъэр кьафелсэу,
Кьафэсрэр гушІуагъоу,
ШІуагъэр кьабзкІэу,
КІэу кьежьэрэм
Адыгэм идэгъу хагъащэу,
Дэхащэу тикІахъо орэпсэу!

* * *

Адыгабзэм икъабзэ агъэбзэрабзэу,
Хъонысэр абгынэжьыгъэу,
ПсэлъэшІухэр ягущыІакІэу,
Хабзэр ахэлъэу тиадыгэ пстэур орэпсэу!

* * *

Угу умыгъэкІод

Лъэхъаныжъэ зэожъэ тыкъялыгъэу,
Итэжьухьагъэу тэпсэуми,
Угу умыгъэкІод, силъэпкъэгъу,
Тыбзи тихабзи
ТызэкІыгъоу лъэхъэнакІэм тыдэгъэкІуат,
ТикІахъомэ тихабзи тыбзи
КІэн лъапІэу кьафэрэн!

* * *

ШъуикІалэхэр шъхьэегъэзыпІэнчъэ мыхъунхэм пае,
Нытыхэр, яжъугъашІ ахэм адыгабзэ!

* * *

МыкІодыжьынэу адыгэр - адыгэр, къэгъэгъунэхъ убзэ, уихабзэ!

* * *

Лъэпкъхэр мэбгъох, бзгъы мэхъу лъэпкъынчъэр.

* * *

Псэр игуэсу бзэр мэпсалъэ.

* * *

Лъэпкъыбзэр гупсэшъ, ащ рыпсалъ.

* * *

Лъэпкъыбзэр лъапсэ, плъапсэ кІэмыутыжь!

* * *

Лъэпкъыбзэр чІэунэмэ, гумрэ шъхьэмрэ зэкІужьхэрэп.

* * *

Лъэпкъэу янахьыжъыпІэ ит

Адыгэ лъэпкъэу лъэпкъмэ
янахьыжъыпІэ итым,
Зищыгъын-шъуашэ зэлъаштагъэм,
Зихабзэ мытхыгъэ хъопсапІэм,
Тыкъыхэхъухьагъэу тэпсэушъ,
Тилъэпкъ илэжьыгъэ тэ къыддежьагъэу
Зэрэщымытыр зыдэтэшІэжьышъ,
СипІэпкъэгъу,
Хабзэмрэ бзэмрэ якъэбзагъэ
Мыхъун хэтымыльхьэу тыгъэпсэу!

Тхыбзэмрэ псалъэмрэ

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 2-нэ кап.).

Псалъэ хьэху къэдмыщтэу дэ езым ди псалъэщІэ хэзгъэхъуну дыщыхэтым дежи хабзэ-бзыпхъэ гуэрым дытету дызекІуэн, къэдгъэхъуну дыщыхэт псалъэм пкърыІъ мыхьэнэр къэтхутэу абы екІу псалъэ кІыхьэрыдгъэтыным дыхущІэкъун хуейщ. Армырамэз, къэдгъэхъуа псалъэщІэр бзэм хэмызэгъэнум кІыщымынэу, дыхьэшхэн хъункІи шынагъэщ. Псалъэм щхьэкІэ, *культурэ* псалъэм и пІэкІэ *щэнхабзэ* жаІэри хагъэхьащ. *Щэнхр щэнщи*, щэн зимыІэ цІыху щыІэкъым: цІыкІуи ини, фІыи бзаджи, гъэсаи мыгъаси, Іэси Іэли, зэрыжаІэу. Ауэ щэн зиІэ псоми *культурэ* яІэу пхужыІэнукъым. Хабзэри апхуэдабзэщ, хабзэ гуэр зимыІэ цІыхуи жылагъуи лъэпкъи щыІэкъым.

Культурэ псалъэм и лъапсэр мэкъумэш лъэпкъым щыІэкъым. ЩІым зыгуэр хищІэну, хисэну, Іэрысэ гуэр къыщигъэкІыну зыхуэзфІэкІам щІэкІэ-щыкІэ зэрищІэм щхьэкІэ *цІыху культурэм* хужаІащ, абы къигъэкІахэми езыр-езыру къыззрымыкІар, Іэрысэу къыззрагъэкІар кърагъэкІыу *культурэм къэкІыгъэкІэ* ещанэщ. Псалъэм щхьэкІэ, Іэгъэбэгу Іэли, Іэрыси щыІэщи, Іэрысэм *культурэм*кІэ йоджэ. *Культурэ* псалъэр къыщежьар латиныбзэр аращ. ЩІым зыгуэр хэщІэн, хэсэн, къыщыгъэкІын мыхьэнэ иІэу «coiere, cult, cultura- псалъэм къытехьакІаУэ аращ. Ардыдэр «culture» жиІэу франджыбзэми хэхьащ, а мыхьэнэ дыдэр иІэу. Ауэ иджы абы *жыІэкІэ-щІыкІэ, хыхьэкІэхэкІыкІэ* зыщІэ хуэдэ мыхьэнэи къыпкърыхьащи, *цІыху культурэм* жаІэмэ нэхъыщхьэу къыдгурыІуэри араща.

Кіэщіу жытІэмэ, *культурэр* щэным мыхъуу, щІэным, щІэныгъэм, щІыним, щІыныгъэм пыщІащ. Араща, абы и пІэкІэ псалъэ къэдгъуэтынымэ, *щэнхабзэ* жыдмыІэу, *щІэнхабзэ* жытІэмэ, нэхъ къоэгъэ. ЦІыхугъэм и къежьапІэр щІэныгъэрщ, щІыныгъэрщ. АдыгэбзэкІэ абы псалъэщІэ хуэд къытебгъэхъуКІыфынущ. Псалъэм щхьэкІэ, *щІэнгъуазэ* (энциклопедиа), *щІэнгъэпс* (компьютер), *щІэныгъэрылажьэщІэныгъэлІ-щІэныгъэцІыху* (учёный), *щІэнэздзІуатэ* (конференцышхуэ), *щІэнэзхуэІуатэ* (семинар), *щІэнтхыгъэ* (статья), *щІэнпсалъэ* (термин), *щІэнхабзэ* (культурэ), *щІэныгъэ* (наукэ), *щІэнІуатэ* (конференц).

Бзэм псалъэщІэ къыззрыхэдгъэхъуэн Іэуху зетхуэн, абы дыщІэгупсысын хуейщ дапщэщи. Апхуэдэу, псалъэ щыдимыІэм деж къуэпІэ адыгэхэм (абэзэхэхэм, шапсыгъхэм, кІэмыргуейхэм, бжьэдыгъухэм) апхуэдэ псалъэ иІэу пІэрэ, жытІэу дегупсысын, абыхэм деж дыщыщІэупщІэн, къыщытпыхьуэн хуейщ. Бзэм къыщтэ дэтхэнэ псалъэри и мыхьэнэкІэ къэтхутэн хуейщ.

БынышІэр лъэпкъым и щІэблэмэз, псалъэщІэри бзэм и щІэблэу зэрыщытыр, щІэблэнэшэм къэкІуэну гъащІэ зэримыІэнур зэи зыщыдгъэзгъупщэн хуейкъым.

ХЪУАЖЬ Фахьри, *щІэныгъэлІ.*

● Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?

Бзэр лъэпкъым и къэрэгъул бжыхьщ

Си тхыгъэм фІэщыгъэ хуэсщІа псалъэхэр анэдэлъхубзэм хужиІащ зи гъащІэ псор щалъхуа щІыналъэм, адыгэ лъэпкъым хуэзыгъэпсауэ щыта Нало Заур. Мыхьэнэшхуэ ящІэлъщ а псалъэхэм, сыту жыпІэмэ бзэращ лъэпкъыр къэзыхъумэр, абы и зыужьныгъэми ефІэкІуэныгъэми джэлэс нэхъыщхьэ хуэхъур. ЗэрыжаІэщи, бзэр имыІэжмэ, лъэпкъри мэкІуэдыж.

ДЭТХЭНЭ зы цІыхури и бзэмкІэ псэлъэфу, кьеджэфу, тхэфу икІи гупсысэфу щытын хуейщ. Сабийр апхуэдэу къэхъунымкІэ жэуап зыхьыр, сэ къыззрысщыхъумкІэ, зэпрауэ, адэ-анэращ. Дэ ди унагъуэм абыкІэ щапхъэ тхуэхъуащ ди адэ-анэу Хъанийхэ Мышэрэ Риммэрэ. Унагъуэм илъын хуей фІыгъуэхэм ящыщу къалъытэрт абыхэм ди анэдэлъхубзэр. Пэжу, сабийм и анэбзэр зэхихын хуейщ. КъыщалъхуаУа дакъикъэм къыщыщІэдзауэ, унагъуэм ихэр я бзэкІэ псэлъэн хуейщ сыт щыгъуи. Абы къыщинэмыщІауэ, сабийхэр щыбгъащІэ хъунукъым адыгэбзэкІэ тха тхылъхэм, журналхэм, газетхэм. ЕгъэдзэІуэн хуейщ уи бзэкІэ екІуэкІ радиотеленэтынхэм, адыгэ театрхэм, концертхэм шэн, усэ, уэрэд, лъэпкъ къафэхэр егъэщІэн хуейщ.

«Адыгэбзэ ямыщІауэ, адрейхэр псори ягъуэтащэрэт си бынхэм. Дэнэ унихьэсыну абы?!» - жызыІэ цІыхуб срихьэлІащ сэ. НэгъуэщІхэми я сабийр адыгэбзэ къабзэ зыдж гупым еджапІэм щыхагъахуэркъым, гугъу зрамыгъэхьын папщІэ, пцІы Іэджэ щхьэусыгъуэ ящІу. УарохьэлІэ адыгэбзэхэкІыкІэ зыщІэ хуэдэ мыхьэнэи къыпкърыхьащи, *цІыху культурэм* жаІэмэ нэхъыщхьэу къыдгурыІуэри араща.

Кіэщіу жытІэмэ, *культурэр* щэным мыхъуу, щІэным, щІэныгъэм, щІыним, щІыныгъэм пыщІащ. Араща, абы и пІэкІэ псалъэ къэдгъуэтынымэ, *щэнхабзэ* жыдмыІэу, *щІэнхабзэ* жытІэмэ, нэхъ къоэгъэ. ЦІыхугъэм и къежьапІэр щІэныгъэрщ, щІыныгъэрщ. АдыгэбзэкІэ абы псалъэщІэ хуэд къытебгъэхъуКІыфынущ. Псалъэм щхьэкІэ, *щІэнгъуазэ* (энциклопедиа), *щІэнгъэпс* (компьютер), *щІэныгъэрылажьэщІэныгъэлІ-щІэныгъэцІыху* (учёный), *щІэнэздзІуатэ* (конференцышхуэ), *щІэнэзхуэІуатэ* (семинар), *щІэнтхыгъэ* (статья), *щІэнпсалъэ* (термин), *щІэнхабзэ* (культурэ), *щІэныгъэ* (наукэ), *щІэнІуатэ* (конференц).

Бзэм псалъэщІэ къыззрыхэдгъэхъуэн Іэуху зетхуэн, абы дыщІэгупсысын хуейщ дапщэщи. Апхуэдэу, псалъэ щыдимыІэм деж къуэпІэ адыгэхэм (абэзэхэхэм, шапсыгъхэм, кІэмыргуейхэм, бжьэдыгъухэм) апхуэдэ псалъэ иІэу пІэрэ, жытІэу дегупсысын, абыхэм деж дыщыщІэупщІэн, къыщытпыхьуэн хуейщ. Бзэм къыщтэ дэтхэнэ псалъэри и мыхьэнэкІэ къэтхутэн хуейщ.

БынышІэр лъэпкъым и щІэблэмэз, псалъэщІэри бзэм и щІэблэу зэрыщытыр, щІэблэнэшэм къэкІуэну гъащІэ зэримыІэнур зэи зыщыдгъэзгъупщэн хуейкъым.

ХЪУАЖЬ Фахьри, *щІэныгъэлІ.*

● Іуэху зехьэкІэ пэрыт

ЩІэблэ узыншэ къытщІэхъуэн папщІэ

И Іэщіагъэр гурэ псэкІэ фІыуэ илъагъуу илъэс 25-м нэблэгъауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм пэрытщ Нэззр Марьянэ Хьэсэнбий и пхъур. «Зы илъэскІэ япэ уплъэмэ, жылэ хэсэ. Илъэсищ1кІэ япэ уплъэмэ, жыг хэсэ. ИлъэсищэкІэ япэ уплъэмэ, цІыху гъасэ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. А псалъэ Іущхэр и гуэгугъэльагъуэу дунейм тетщ Нэзэрыр. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ, абы къыдгъэІуэу зи псэ хуабагъэмкІэ еджакІуэхэм адэгущ, я адэжь щыналъэр, лъэпкъ хабзэр фІыуэ ялъагъуу щІэблэр къэгъэтэджыным хуэлажьэ щІыхущ ар.

МАРЬЯНЭ щІалэ дыдэу, еджапІэ нэхъыщхьэр къимыуха щыкІэІэу, и лэжьыгъэ мытынышм щыпэрыуващ Бахъсэн къалэ округым хыхьэ Дыгулыбгуеи адыгэ къуажэжьым дэт, Цагъуэ Нурий и цІэр зезыхьэ ебгъуаэ-нэ курыт еджапІэм, а зэманым ещанэ курыт еджапІэу щытам.

- Ныбжьыщхуи уимыІэу, апхуэдиз сабийм щІэныгъэ яБгъэдэлІхьэзным нэмыщІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэри абы къыдэкІуэу ядебгъэкІуэкІыныр - ар къэзырымыкІуэу Іуэху гугъущ, сыпэмылъэщыну къыщыісфІэщІа зэмани къысхуихуащ, - игу кьеГъэкІыжьЫ Марьянэ. - «Дауэ мы зэрызехьэм, зэрыхьэзрйм сызэрыхэтынур?» - жысІэу сыщегупсысаи щыІащ, ауэ а зэманым еджапІэм и унафэщІу лэжьа КІуращын Шумсэт Іэюб и пхъур уи пашэу, ар сытКІи уи щапхъэу, уи лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл пщІынир - ар зэхэщІыкІ гуэр зыбгъэдэлъ дэтхэнэ зы цІыхуми и щхьэхуимыбгъэфэщэн Іуэхут. Шумсэтщ лэжьыгъэм сытезыгъэгъэшхуари, абы нобэми фІыщІэ ин хуэзощ.

ЩІалэгъуалэм ящыщу зы щІэблэкъым, щІэблитІкъым Марьянэ гъащІэм и гуэзгу захуэм, пэжыгъэм, цІыхугъэм хуиущияр. Егъэджагъэ, унэтІапкІуэ Іущыр кууэ кІуэцІроплъ иджырей щІалэгъуалэм я хьэл-щэным, зэхэтыкІэм икІи йогугъу къызыхэкІа лъэпкъ уардэм хуэфащэ цІыху и еджакІуэхэм къахэкІыным.

- Иджырей ныбжьыщІэхэр мыхьэнэншэу, купщІэншэу жызыІэхэм арэзы садэхъунукъым. Пэжщ, апхуэдэхэри щыІэмэ, зи зэраныр дэращ - нэхъыжьхэрщ: е и чэзум зыгуэркІэ щІэгъэкъуэн дыхьэфыну Іэпэдэгъэлэл дощІ, е ди псалъэ дахэ, гуапэ, Іущ зыщІынПІэ деж щыхуэдогъэныкъуэ, - къыддогуашэ Марьянэ и гупысэхэмкІэ. - Языныкъуэхэм деж нэхъыщхьэу згъэуварэ си еджакІуэм анэдэлъхубзэм и щэхуэхэр, адыгэ литературэр зэрищІэм и фІагъыркъым, атІэ а бзэр зыІурылъ цІыхум и хьэл-щэнхэрщ, гъэсэныгъэрщ, щэнхабзэрщ. Сабийм, ныбжьыщІэм, зи щІалэгъуэм и псэм щыщІэм, и гупысэм, дуней елІпыкІэм, абы зэрызижьымрэ зэхъуэкІыныгъэу. игъуэтымрэ адэ-анэм, гъэсакІуэм, егъэджакІуэм зыхэтщІэн хуейщ, ахэр къэхъун хуейщ ди лъэпкъ Іущым игъащІэ льандэрэ къыдекІуэкІ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щІэту.

ЩІэблэ узыншэ къызыщІэхъуэн и насыпщ, апхуэдэ лъэпкъэращ зыужьныныгъэ льагэ, зэхэщІыкІ куу, пщІэ ин зиІэу дунейм тетыфынур. Езым бгъэдэлъ псэ къулеигъэмкІэ дэтхэнэ и лэжьэгъуми дэгуэшэну хьэзырщ Марьянэ. ХуэзэфІэкІ псори цІыхум хуиущІэну, абы и гурыщІэр игъэдэхэну, и гупсысэм зригъэужьыну хущІэкъуэ егъэджакІуэм къельытэ зыздэлажьэ щхьэхуэм, и псэм щыщІэр зыхэпщІапхъэу, хуей хъумэ, зыщІэбгъэхъуэн хуэдэу. Марьянэ зэрепльымкІэ, зи гугъуехьныгъэм щІэгъэкъуэн узыхуэхъуар, уи ущие щІэбгъэдэІуар гъуэгу захуэ, гъуэгу пэж теувэжмэ, абы гуапагъэрэ хуабагъэу къыбгъэдэкІым адрейхэм уаззрыдэлажьэн къару къыпхелъхъэ,..

Марьянэ еджапІэм гуманитар унэтІныныгъэмкІэ щыІэ методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІщ илъэс зыбжанэ хууаэ, профсоюз комитетми и пашэщ.

- Махуэ кьэс ди лэжьыгъэм зыгуэркІэ щІэуэ къыхохьэ икІи зэрытхуэзэфІэкІкІэ яужь дитщ егъэджэныгъэм и стандартыщІэхэм къытхуагъэув къалэнхэр дгъэзощІэну. Апхуэдэу щытми, дэ зыщыдгъэгъупщэркъым блэкІа илъэсхэм егъэджэныгъэм нэхъыфІу хэлъахэри. Компьютерри хъарзынэщ, ауэ ар нэхъыбэу къыщагъэсэбэп дерсыр нэхъыфІ хъууэ къэслъытэркъым. Ар щІэх-щІэхыуэр дерсым къыхьихьэ хъуа нэужь, сабийм я акъылри абы теуухуа, абы щыгугъ мэхъу, - жеІэ Нэзэрым. - Абы нэхьрэ тхылъыр, псальалъэр я пащхьэ иль зэпытмэ - ар я гупсысэкІэм зезыгъэужьын Іэмал нэхъыфІхэм ящыщщ. Иужьрей зэманым хэлэжьыхьыжу бзэмкІи литературэмкІи къыдагъэкІа тхылъхэм арэзы дытоувэ. Методикэ пособие къыдэкІахэр къыдогъэсэбэп, фІыщІэ яхуэфащэщ абыхэм елэжьахэм. Нобэ еджапІэм и унафэщІ Гъуклэгі Маринэ Хьэмид и пхъум икъукІэ гулъытэшхуэ къытхуещІ анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм, зэпеуэхэм дыхэтыну гукъыдэж тщІамэ, къыдедеІыгъ, дытрегъэгушхуэ.

ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэм и щэхуэхэм фІыуэ щыгъуазэ, щІэныгъэ куу, цІыхугъэ льагэ зыхэлъ Марьянэ и гъэсэнхэри дапщэщи щыпэрытщ школлпсо, кьалэпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиІэ зэІуціІэхэм, зэпеуэхэм. Апхуэдэ зыбжанэм я цІэр къитІуэну дыкуейт: Къабардей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхухэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэмкІэ и къудамэм иригъэкІуэкІ зэпеуэхэм ящыщу балъкъэр усакІуэшхуэ Кулиев Кьайсын къыззрахъуэр илъэсищэ щыкиЫм ирихьэлІэу иригъэкІуэкІа зэпеуэхэм Марьянэ и лэжьыгъэм ятэ увыпІэр, Абазэ Элинэ ещанэ увыпІэр къыщыхуагъэфэщащ. 2017 - 2018 гъэ еджэгъуэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ екІуэкІа олимпиадэм Нэзэр Диана республикэм ящІэ щыхъуаxэм ящыщщ. ХьэтІохъуащокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэ зэгухьэныгъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ иригъэкІуэкІ «Джэгурэш» джэгу-зэпеуэм Нэзэрым и «Нарт щІэблэ» гупыр 2016 гъэм пашэ щыхъуащ, Бахъсэн къалэ ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым 2015 гъэм иригъэкІуэкІа «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэм ятэ увыпІэр къыщихьащ.

И лэжьэкІэфым къыпэкІуэу 2016 гъэм Нэзэрым къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, ХьэтІохъуащокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм, Бахъсэн къалэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм къабгъэдэкІ щыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

- Си сабийжэм, еджакІуэхэм, егъэджакІуэхэм папщІэ сымыщІэн щыІэкъым. Си гъащІэр зытеухуауэ щытыр ахэращ, - жеІэ Марьянэ. - Анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр ныбжьыщІэхэм фІыуэ ялъагъун папщІэ сэ слъэкІ къэзгъанэрхьым, а Іуэхум адэкІи сытелэжьэну си мурадщ.

ЩІэблэ узыншэ лъэпкъым къытщІэхъуэн папщІэ зи щІэныгъэм къаруи емыблэжу Іэнатіэм пэрыт бзыльхугъэ щІыпкъэм и мурад псори кьехьулІэну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.



Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КЪЭШЭЖ Иннэ

* * *

Къыхэпсэлъэж, си адэ, адыгэбзэкІэ,
нэгъуэщІ нэхъ мыхъуми зэ сегъэпщІыхьыж,
бгъэджэгуу псысэм и макъыбзэ шхуэІур
уздыщагъафІэ лъаехэм дигъэхьэж.

Къыхэпсэлъэж уи адэм и уэсятымкІэ,
Си адэу - узым бзэр зыІурихха!
Зэпычмк шыныбэпхыр уэрэд хъэтымкІэ
Шым нихьэсынущ лъагъуэ хухахар.

КъыскуэІуэтэж, си адэ, уи лъахэбзэр,
а тэмакъыщІэ псынэм и фІынщэбзэр -
мэлыхъуэ пщыІэ жьэгухэм я Іугъуэкіэм
уи узхэм щІэгъэуэну зырашэкІрэ
уэсукъхъуэ гъуагъуэм бгыр щІэщхьэукъукІыу.

Къыхэпсэлъэж, си адэ, къэпсэлъэж!
Къыхэпсэлъэж уз бзаджэм къыпекІуэкІи -
узыпэмастэруи мэкъуПІэ пхафэу
усхуирикІуэжу а пшэкІэплъ дыгъафІэм...
А зырщ иджы, си адэ, къэслъэІужыр:
къэгъэпсэлъэж а уахътыншагъэм и бзэр,
къэгъэпсэлъэж уи адэм и лъахэбзэр.

1971
Зэзыдзэкіар **КЪАРМЭ Іэсиятщ**

КЪАГЪЫРМЭС Борис

* * *

Іэфіыгъэу, лыгъэу пхэлъыр, уи гуапагъэр
Куэд щІауэ псэкІэ зыхэсщІэу сопсэу.
Слъэкіамэ, ахэр минкІэрэ згъэбагъуэу,
Сыпхуэлэжьэнти, си бзэ, гъащІэ псом.

Уэрщ сытым щыгъуи си гур зыгъэнэхур,
СиІэту уэрщ сизыхьэр лыгъэ уэгу.
Ди лъэпкъым щыщми, бзэр зыфІэмыІуэхур
Адыгэу плъытэу, уиплъэ хъун и нэгу?!

ФІокІуэдыр и бзэр уэ узыфІэкІуэдым,
Къыпхуэзыльэж: «Бзэ лъэрымыхь щыкІущ...»
Уэ къыпхуэпэж уи бын гуащІафІэ куэдым
Я тхыгъэхэр ипхащ къэрал утыку.

Уэ Іэщэ жану уриІащ Бэчмырэз.
Ар закъуэныгъэм щиубыдам - уэ зырщ
Къыкъуэувар, и щэху зрихьэлІа гъуэсу, -
Урителъхьэну пэжым ухьэзырщ.

Алий и усэм дамэ лъэщ ухуэхъури,
ПІэтащ и псальэр, налкъут зэщІэлыдэу.
Пэжыгъэм, лыгъэм ди бзэкІэ дехъуэхъури,
Дыщыуващ гъащІэщІэм, ди лъэр быдэу.

Сэ уи къэкІуэнум согупсысыр куэдрэ,
Сыхуейщ уи гъащІэр хъуну нэхъри кІыхь.
Насыпи иІэжкъым лъэпкъым, и бзэр кІуэдмэ, -
ЗауэлІ Іэщэншэу, мэхъу ар лъэрымыхь.

Хуэблэжьыр лъэпкъым нэхъри уэ бгъэбагъуэу,
Ди адыгэбзэ, куэдрэ утхуэпсэу!
Іэфіыгъэу, лыгъэу пхэлъым, уи гуапагъэм
Щыгъуазэ сщІынт, слъэкІамэ, дуней псор.

КЪУНЫЖЬ ХьэІишэт

* * *

Адыгэбзэр си псэкъым,
Адыгэбзэр си нэкъым,
Си псэм хуэдэр си анэрщ,
Си нэм хуэдэр си адэрщ.

Адыгэбзэр псысэкъым,
Іейуи сыгупсысэкъым -
Ар си нитІым я нэщи,
Ар схэлъ си псэм и псэщи...

● Іуэху зехьэкІэ пэрыт

ЩІэблэ узыншэ къытщІэхъуэн папщІэ

И Іэщіагъэр гурэ псэкІэ фІыуэ илъагъуу илъэс 25-м нэблэгъауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм пэрытщ Нэззр Марьянэ Хьэсэнбий и пхъур. «Зы илъэскІэ япэ уплъэмэ, жылэ хэсэ. Илъэсищ1кІэ япэ уплъэмэ, жыг хэсэ. ИлъэсищэкІэ япэ уплъэмэ, цІыху гъасэ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. А псалъэ Іущхэр и гуэгугъэльагъуэу дунейм тетщ Нэзэрыр. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ, абы къыдгъэІуэу зи псэ хуабагъэмкІэ еджакІуэхэм адэгущ, я адэжь щыналъэр, лъэпкъ хабзэр фІыуэ ялъагъуу щІэблэр къэгъэтэджыным хуэлажьэ щІыхущ ар.

МАРЬЯНЭ щІалэ дыдэу, еджапІэ нэхъыщхьэр къимыуха щыкІэІэу, и лэжьыгъэ мытынышм щыпэрыуващ Бахъсэн къалэ округым хыхьэ Дыгулыбгуеи адыгэ къуажэжьым дэт, Цагъуэ Нурий и цІэр зезыхьэ ебгъуаэ-нэ курыт еджапІэм, а зэманым ещанэ курыт еджапІэу щытам.

- Ныбжьыщхуи уимыІэу, апхуэдиз сабийм щІэныгъэ яБгъэдэлІхьэзным нэмыщІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэри абы къыдэкІуэу ядебгъэкІуэкІыныр - ар къэзырымыкІуэу Іуэху гугъущ, сыпэмылъэщыну къыщыісфІэщІа зэмани къысхуихуащ, - игу кьеГъэкІыжьЫ Марьянэ. - «Дауэ мы зэрызехьэм, зэрыхьэзрйм сызэрыхэтынур?» - жысІэу сыщегупсысаи щыІащ, ауэ а зэманым еджапІэм и унафэщІу лэжьа КІуращын Шумсэт Іэюб и пхъур уи пашэу, ар сытКІи уи щапхъэу, уи лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл пщІынир - ар зэхэщІыкІ гуэр зыбгъэдэлъ дэтхэнэ зы цІыхуми и щхьэхуимыбгъэфэщэн Іуэхут. Шумсэтщ лэжьыгъэм сытезыгъэгъэшхуари, абы нобэми фІыщІэ ин хуэзощ.

ЩІалэгъуалэм ящыщу зы щІэблэкъым, щІэблитІкъым Марьянэ гъащІэм и гуэзгу захуэм, пэжыгъэм, цІыхугъэм хуиущияр. Егъэджагъэ, унэтІапкІуэ Іущыр кууэ кІуэцІроплъ иджырей щІалэгъуалэм я хьэл-щэным, зэхэтыкІэм икІи йогугъу къызыхэкІа лъэпкъ уардэм хуэфащэ цІыху и еджакІуэхэм къахэкІыным.

- Иджырей ныбжьыщІэхэр мыхьэнэншэу, купщІэншэу жызыІэхэм арэзы садэхъунукъым. Пэжщ, апхуэдэхэри щыІэмэ, зи зэраныр дэращ - нэхъыжьхэрщ: е и чэзум зыгуэркІэ щІэгъэкъуэн дыхьэфыну Іэпэдэгъэлэл дощІ, е ди псалъэ дахэ, гуапэ, Іущ зыщІынПІэ деж щыхуэдогъэныкъуэ, - къыддогуашэ Марьянэ и гупысэхэмкІэ. - Язныкъуэхэм деж нэхъыщхьэу згъэуварэ си еджакІуэм анэдэлъхубзэм и щэхуэхэр, адыгэ литературэр зэрищІэм и фІагъыркъым, атІэ а бзэр зыІурылъ цІыхум и хьэл-щэнхэрщ, гъэсэныгъэрщ, щэнхабзэрщ. Сабийм, ныбжьыщІэм, зи щІалэгъуэм и псэм щыщІэм, и гупысэм, дуней елІпыкІэм, абы зэрызижьымрэ зэхъуэкІыныгъэу. игъуэтымрэ адэ-анэм, гъэсакІуэм, егъэджакІуэм зыхэтщІэн хуейщ, ахэр къэхъун хуейщ ди лъэпкъ Іущым игъащІэ льандэрэ къыдекІуэкІ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щІэту.

ЩІэблэ узыншэ къызыщІэхъуэн и насыпщ, апхуэдэ лъэпкъэращ зыужьныныгъэ льагэ, зэхэщІыкІ куу, пщІэ ин зиІэу дунейм тетыфынур. Езым бгъэдэлъ псэ къулеигъэмкІэ дэтхэнэ и лэжьэгъуми дэгуэшэну хьэзырщ Марьянэ. ХуэзэфІэкІ псори цІыхум хуиущІэну, абы и гурыщІэр игъэдэхэну, и гупсысэм зригъэужьыну хущІэкъуэ егъэджакІуэм къельытэ зыздэлажьэ щхьэхуэм, и псэм щыщІэр зыхэпщІапхъэу, хуей хъумэ, зыщІэбгъэхъуэн хуэдэу. Марьянэ зэрепльымкІэ, зи гугъуехьныгъэм щІэгъэкъуэн узыхуэхъуар, уи ущие щІэбгъэдэІуар гъуэгу захуэ, гъуэгу пэж теувэжмэ, абы гуапагъэрэ хуабагъэу къыбгъэдэкІым адрейхэм уаззрыдэлажьэн къару къыпхелъхъэ,..

Марьянэ еджапІэм гуманитар унэтІныныгъэмкІэ щыІэ методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІщ илъэс зыбжанэ хууаэ, профсоюз комитетми и пашэщ.

- Махуэ кьэс ди лэжьыгъэм зыгуэркІэ щІэуэ къыхохьэ икІи зэрытхуэзэфІэкІкІэ яужь дитщ егъэджэныгъэм и стандартыщІэхэм къытхуагъэув къалэнхэр дгъэзощІэну. Апхуэдэу щытми, дэ зыщыдгъэгъупщэркъым блэкІа илъэсхэм егъэджэныгъэм нэхъыфІу хэлъахэри. Компьютерри хъарзынэщ, ауэ ар нэхъыбэу къыщагъэсэбэп дерсыр нэхъыфІ хъууэ къэслъытэркъым. Ар щІэх-щІэхыуэр дерсым къыхьихьэ хъуа нэужь, сабийм я акъылри абы теуухуа, абы щыгугъ мэхъу, - жеІэ Нэзэрым. - Абы нэхьрэ тхылъыр, псальалъэр я пащхьэ иль зэпытмэ - ар я гупсысэкІэм зезыгъэужьын Іэмал нэхъыфІхэм ящыщщ. Иужьрей зэманым хэлэжьыхьыжу бзэмкІи литературэмкІи къыдагъэкІа тхылъхэм арэзы дытоувэ. Методикэ пособие къыдэкІахэр къыдогъэсэбэп, фІыщІэ яхуэфащэщ абыхэм елэжьахэм. Нобэ еджапІэм и унафэщІ Гъуклэгі Маринэ Хьэмид и пхъум икъукІэ гулъытэшхуэ къытхуещІ анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм, зэпеуэхэм дыхэтыну гукъыдэж тщІамэ, къыдедеІыгъ, дытрегъэгушхуэ.

ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэм и щэхуэхэм фІыуэ щыгъуазэ, щІэныгъэ куу, цІыхугъэ льагэ зыхэлъ Марьянэ и гъэсэнхэри дапщэщи щыпэрытщ школлпсо, кьалэпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиІэ зэІуціІэхэм, зэпеуэхэм. Апхуэдэ зыбжанэм я цІэр къитІуэну дыкуейт: Къабардей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхухэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэмкІэ и къудамэм иригъэкІуэкІ зэпеуэхэм ящыщу балъкъэр усакІуэшхуэ Кулиев Кьайсын къыззрахъуэр илъэсищэ щыкиЫм ирихьэлІэу иригъэкІуэкІа зэпеуэхэм Марьянэ и лэжьыгъэм ятэ увыпІэр, Абазэ Элинэ ещанэ увыпІэр къыщыхуагъэфэщащ. 2017 - 2018 гъэ еджэгъуэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ екІуэкІа олимпиадэм Нэзэр Диана республикэм ящІэ щыхъуаxэм ящыщщ. ХьэтІохъуащокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэ зэгухьэныгъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ иригъэкІуэкІ «Джэгурэш» джэгу-зэпеуэм Нэзэрым и «Нарт щІэблэ» гупыр 2016 гъэм пашэ щыхъуащ, Бахъсэн къалэ ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым 2015 гъэм иригъэкІуэкІа «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэм ятэ увыпІэр къыщихьащ.

И лэжьэкІэфым къыпэкІуэу 2016 гъэм Нэзэрым къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, ХьэтІохъуащокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм, Бахъсэн къалэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм къабгъэдэкІ щыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

- Си сабийжэм, еджакІуэхэм, егъэджакІуэхэм папщІэ сымыщІэн щыІэкъым. Си гъащІэр зытеухуауэ щытыр ахэращ, - жеІэ Марьянэ. - Анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр ныбжьыщІэхэм фІыуэ ялъагъун папщІэ сэ слъэкІ къэзгъанэрхьым, а Іуэхум адэкІи сытелэжьэну си мурадщ.

ЩІэблэ узыншэ лъэпкъым къытщІэхъуэн папщІэ зи щІэныгъэм къаруи емыблэжу Іэнатіэм пэрыт бзыльхугъэ щІыпкъэм и мурад псори кьехьулІэну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?

Бзэр лъэпкъым и къэрэгъул бжыхьщ

Си тхыгъэм фІэщыгъэ хуэсщІа псалъэхэр анэдэлъхубзэм хужиІащ зи гъащІэ псор щалъхуа щІыналъэм, адыгэ лъэпкъым хуэзыгъэпсауэ щыта Нало Заур. Мыхьэнэшхуэ ящІэлъщ а псалъэхэм, сыту жыпІэмэ бзэращ лъэпкъыр къэзыхъумэр, абы и зыужьныныгъэми ефІэкІуэныгъэми джэлэс нэхъыщхьэ хуэхъур. ЗэрыжаІэщи, бзэр имыІэжмэ, лъэпкъри мэкІуэдыж.

ДЭТХЭНЭ зы цІыхури и бзэмкІэ псэлъэфу, кьеджэфу, тхэфу икІи гупсысэфу щытын хуейщ. Сабийр апхуэдэу къэхъунымкІэ жэуап зыхьыр, сэ къыззрысщыхъумкІэ, зэпрауэ, адэ-анэращ. Дэ ди унагъуэм абыкІэ щапхъэ тхуэхъуащ ди адэ-анэу Хъанийхэ Мышэрэ Риммэрэ. Унагъуэм илъын хуей фІыгъуэхэм ящыщу къалъытэрт абыхэм ди анэдэлъхубзэр. Пэжу, сабийм и анэбзэр зэхихын хуейщ. КъыщалъхуаУа дакъикъэм къыщыщІэдзауэ, унагъуэм ихэр я бзэкІэ псэлъэн хуейщ сыт щыгъуи. Абы къыщинэмыщІауэ, сабийхэр щыбгъащІэ хъунукъым адыгэбзэкІэ тха тхылъхэм, журналхэм, газетхэм. ЕгъэдзэІуэн хуейщ уи бзэкІэ екІуэкІ радиотеленэтынхэм, адыгэ театрхэм, концертхэм шэн, усэ, уэрэд, лъ